ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№63 (24.189) ● 2021 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 2, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ зи узыншагъэкІэ сэкъат зиІэ сабийхэм щадэлэжьэну центр къыщыззІуахым

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ хэтащ сабий мыузыншэхэм папщІэ центр Нарткъалэ къызэрыщызэІуахым теуху дауэдапщэхэм. Ар ирагъэхьэлІащ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ центрым и гъэсэнхэр, абыхэм я адэ-анэхэр, егъэджакІуэхэр, КъБР-м и Правительствэм, щыналъэм и администрацэм щыщхэр, Парламентым и депутатхэр, социальнэ мыхьэнэ зиІэ а ухуэныгъэм зи мыльку хэзылъхьа хьэрычэтыщІэхэр.

Кьызэхуэсахэм защыхуигъазэм, КІуэкІуэ Казбек ягу кьигъэкІыжащ центрыр кьызэрызэрагъэпэща щыкІэр: «Щыналъэр мыпхуэдэ центр зэрыхуэныкъуэм теуху Іуэхуи ятэу и гугъу ящІэуэ щытащ 2015 гъэм. А проектыр пхыгъэкІыным и телъхьэу къуваруэ щытащ Ерчэн Тембулэт Хьусен и кІуэр, Аруан щыналъэм и хьэрычэтыщІэ куэдми ар даІыгъащ».

Центрыр кьыщызэрагъэпэщыну щыпІэр Нарткъалэ и кум хуэзэу хухахат, дэІэпыкъуэгъуэхэм я фІыщІэкІэ лэжьыгъэшхуи ирагъэкІыкІат, ауэ щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыхэкІыу проектыр гъэззэщІэныр кьызэтрагъэувыІауэ щытащ.

Илъэс кІуам и щыщхэуІум КІуэкІуэ Казбек «Мэшыкъуэ-2020» щІалэгъуалэ зэхуэсым кІуахэм онлайн мардэм тету щепсалъэм абы хэтхэм ящыщ Бжьэдыгъу Мурат къыІэтауэ щытащ проектыр и кІэм нэгъэсын зэрыхуейм теуху Іуэхур икІи республикэм и Іэтащхьэ абы арэзы техъуэри диІыгъащ. «А жэрдэмым кьыпэджэжащ а сабийхэм я гъащІэр зэрыхъунур кьызэхуІэзыгъэуцІэ гумащІэхэр. Ахэр зэхьыхэри, сабийхэм мы школ телъыджэр тыгъэ хуащІащ. Ину фІыщІэ яхудощІ абы щхьэкІэ», - кьыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

Зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабийхэм щадэлэжьэну центрыр лажьэу яутІыпщащ республикэм щыщ хьэрычэтыщІэхэу Къудали Мухьэмэд, Настаев Алисультан, Лыджыдэ Аслъэн, Лъакъуэдыгъу Хьэрит, Щоджэн Руслан, Шунгаров Самат, Сунш Іэдиб сымэ я фІыщІэкІэ.

Республикэм и Іэтащхьэм кьыхигъэщащ унагуэхэм, сабийхэм защІэгъэкъуэнымкІэ хьэрычэт ІэнатІэм, къэрал политикэм кІуэ пэтми нэхъ кьалэнышхуэ я пщэ кьыдэхуэурэ зэрыкІуэр. «Урысей Федерацэм и Президентым кьэралым иригъэІуэкІ политикэм и кьалэн нэхъыщхьэу кьегъэуэ сабий зиІэ унагуэхэм защІэгъэкъуэныр», - кьыхигъэщхьэкуКІащ КІуэкІуэм.

Сабийхэм я узыншагъэм кІэлъыплъныр, ар егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ зыхуеину псомкІи кьызэгъэпэщащ центрыр: тыншыпІэхэр хэтщ, сабийм и узыншагъэр зэфІэгъуэвэжьным хуэщхьэпэну иджырей тренажер Іэмэпсымэ лъэщхэр щІэтщ. Сабийхэм ядэлэжьну гъэсакІуэхэр мы зэманым яужь итщ зи узыншагъэм сэкъат иІэ цыкІухэм ядэлэжьэну хуит зыщІ дэфтэрхэр кьыІахьыным, лэжьакІуэхэр хьащтэ. Иджыпсту щыщІэдзауэ Центрыр жыджэру пыщІащ зи узыншагъэкІэ гуныкъуэгъуэ зиІэхэм папщІэ Налшык кьалэм дэт сабий-ныбжьыщІэ спорт школым, апхуэдэ сабийхэм ядэлэжьэным и иджырей пІалъэхэр зрагъэщІэн мурадкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1аІп1э.

● Егъэджэныгъэ

ЕджапІэщІэхэр яухуэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм еджапІэщІэхэр ухуэным щІигъэхуэбжьэнущ. Абы хуаутІыпщынущ сом меларди 144,6-рэ. Апхуэдэ унафэм иджыблагъэ Іэ щІидзащ УФ-м и Правительствэм и Іэтащхьэ Мишустин Михаил.

2024 гъэ пщІондэ цІыху мин 650-рэ хуэдиз зыщІэхуэну ухуэныгъэхэр зэрыкъэралу щекІуэкІынущ. Бжьыгъэм къегъэлъагъуэ егъэджэныгъэ лэжьыгъэр щекІуэкІ Іуэхущ1апІэхэм зэрызаубгъунур, кьащтэ сабийхэм я бжьыгъэм хагъэхъуэфынуи Іэмал зэрыщыІэр. ЕджапІэхэр зэпэубыдауэ зэрыщымытІыжнум и мызакъуэу, пэшым щІэсыпхъэм и бжьыгъэр зыубзыху санитар мардэхэм тетынри фІэкІыпІэншэу кьалъытэ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зи нэІэ щІэтхэм. Правительствэм кьищта унафэр щІэзгъэзащІэкІэ, кьрахьэжьэну ухуэныгъэ хуэІухуэщІэхэм хьыкъэу хуитыныгъэ яІащ абы зи мылъку хэзылъхьэну хьэзыр, жылагъуэпсэуныгъэ Іуэхухэм хуэунэтІа хъаржакІуэхэмрэ (инвестор) хьэрычэтыщІэхэмрэ.

Ахъшэр щІыналъэхэм ятезыгуэшэнур Урысей Федерацэм ЦІыхухэр егъэджэнымкІэ и министерствэраш.

«Адыгэ псалъэ» газетым и щІэджэкІакІуэхэр зэрыщыгъуэзащІ, «Егъэджэныгъэ» лъэпкъыпсо проектым ипкъ иткІэ, Кьэбэрдей-Балъкъэрым 2021 - 2022 гъэхэм Хьэсэнбий-кьуажэ (Куба) сабий 500, КьалэкІыхьым (Прохладнэ) цІыху 785-рэ зыщІэхуэну еджапІэхэр дащІыхьынущ. Абы кьищынэмыщІауэ, ди щІыналъэм егъэджэныгъэм пыщІауэ и Іуэхущ1апІэхэр зыхуэныкъуэ унэлъащІэхэмкІэ, техникэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ, Іэпхъыпхъыпмрэ щхьэмрэ зыщрагъэужь пэшхэмкІэ кьызэрагъэпэщынущ.

ШУРДЫМ Динэ.

И кІэм ноблагъэ

Налшык щаухуэ «Ипщэ», «Ищхьэрэ» автовокзалхэр зрагъэлэжьэну щІыкІэр яубзыху.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм дыззрыщигъэзэжамкІэ, 2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм кьриубыдзэу ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр вокзалитІми щызэфІагъэкІащ. Иджыпсту йолэжь «технологическэ схемэ» жыхуаІэм. Кьалащхьэм и узрам нэхъыщхьэхэм мы зэманым транспорт зэмылІэужьыгъуэу мини 3-м ябгьлагъэ зэрыщызэблэкІыр кьэпльытэмэ, ар лэжьыгъэ кьызэрыгуэкІкъым: кьэпльытапхъэщ цІыхухэми, ахэр кьезышэкІхэми я гъуэгуанэр сыт и лъэныкъуэкІи тыншу икІи шынагъуэншэу щытын зэрыхуейр. Автовокзалхэм ятету, Іуэхугъэбзэ щІапІэхэр, шхапІэхэр - цІыхур зыхуеину псори хэтынущ.

Автовокзалыщ1эхэм я лэжьыгъэр иджырей дунейпсо щапхъэхэм тету зыубзыкъуэр зэпэльытауэ бгъэдохьэ зызыыбгъу кьалащхьэмрэ кІуэ пэтми зи бжьыгъэм кьыхэхъуэ транспортымрэ пыщІа дэтхэнэ зы Іуэхури тэмэму зэтеубла хъуным. Ягъэхьэзыр «технологическэ схемэр» сыткІи хуэгъэпсащ ди щыхьэрым и щІыуэпс кьабзагъэр хъунмэным.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЗэпыщІэныгъэ Іэмалхэмкіэ ди Іуэхур зыхуэдэр

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Парламентым «Правительствэм хухах сыхьэтым» хьыкъу депутатхэр щытепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм Интернетыр зэрагъэрыхьэ щыкІэмрэ зэпыщІэныгъэ Іэмалхэмкіэ ахэр кьызэрызэрагъэпэщымрэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ** жиІащ «Бжьыгъэ экономикэ» лъэпкъ проектыр мыхьэнэшхуэ зиІэхэм зэращыщыр.

- ХъыбарегъащІэ Іэмалыщ1эхэм елъытащ щыналъэм и социально-экономикэ зыужьныгъэр зыхуэдэ хъунур. Интернетыр хэмыту иджыпсту зыри зэфІэкІыркъым. Ар нэрылъагъу тщыхъащ коронавирусым зыщигъэщащ зэманым, школакІуэхэри студентхэри унэм щеджэн, ди зэІущІэхэр видеоконференц Іэмалхэмкіэ едгъэкІуэкІын хуей щыхъуам. Ауэ нэгъабэ ди Іэмалхэри зэрынэхъыбэр ди Іэпэльэгъужащ, псом хуэмыдэу бжьыгъэ технологиехэр нэхъ псынщІэу гъащІэм и лъэныкъуэ псоми хэдгъэхьэныр теухуауэ, - жиІащ Егоровэм.

КъБР-м бжьыгъэр зи лъабжьэ зыужьныгъэмкІэ и министр **Ащхьуэт Ислъам** кьыщыпсалъэм, кьыхигъэщащ «Хъыбарегъащ1э инфраструктурэ» федеральнэ проектым хыхьэ «УФ-м и бжьыгъэ экономикэм теухуа лъэпкъ программэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ, 2020 гъэм псынщІэу лажьэ сетым социальнэ мыхьэнэ зыгъэзащІэ Іуэхущ1апІэу 64-рэ зэрыпащІар. 2021 гъэм и кІэ пщІондэ иджыри апхуэдэ Іуэхущ1апІэ 71-рэ кьызэрагъэпэщынущ псынщІэу лажьэ сетхэмкІэ. Абыхэм хеубыдэ егъэджэныгъэ, щэнхабзэ ІэнатІэхэр, фельдшер-акушер, мафІэсгъэункІыфІ Іуэхущ1апІэхэр. Къэрал зэгурыІуэныгъэ щхьэхуэм хьыхьу, фельдшер-акушер Іуэхущ1апІи 9 зэрыпащІэнуми мы зэманым йогупсыс, сыту жыпІэмэ телемедицинэр зэтеуху хъумэ, ди лэжьакІуэхэм дохутыр нэхъ пажэхэм ечэнджэщыну Іэмал яІэнущи. КъищынэмыщІауэ, ФАП-хэм щылажьэхэм кьагъэссэбэпыфынущ сымаджэхэм я электроннэ картэхэр (Узыншагъэр хъумэныкІэ зыуэ щыт хъыбарегъащІэ системэм кьыщыхьауэ).

Къэпсэльэм кьыхигъэщащ егъэджэныгъэр иджырей Іэмалхэмкіэ кьызэрагъэпэщмэ, а Іэнатіэм нэхъри зэрызиужьынур. Апхуэдэ дыдэу щэнхабзэмкІэ Іуэхущ1апІэхэми я лэжьыгъэм цІыху нэхъыбэ щыгъуазэ ящІыкІыфынущ, щІэупщІэ нэхъ яІэнущ.

Ащхьуэтым дыщІигъуащ УФ-м Бжьыгъэ зи лъабжьэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм иращІыла зэгурыІуэныгъэ щхьэхуэм хьыхьу, фельдшер-акушер Іуэхущ1апІи 9 зэрыпащІэнуми мы зэманым йогупсыс, сыту жыпІэмэ телемедицинэр зэтеуху хъумэ, ди лэжьакІуэхэм дохутыр нэхъ пажэхэм ечэнджэщыну Іэмал яІэнущи. КъищынэмыщІауэ, ЗэпыщІэныгъэмкІэ и министерствэм иращІыла зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу республикэм и курыт школхэм локальнэ сеть зэтеуухэзнымрэ Wi-Fi Іэмалкіэ ахэр кьызэрагъэпэщыныр теухуауэ 2023 гъэм субсидие кьызэрыратынур.

Бжьыгъэр здынэмыса щІыпІэ щыыпмыІэнын тещІыхьа федеральнэ проектым хыхьэу, цІыху 250-м кьыщыщІэдзауэ 500-м нэс зыдзэ кьуажэ 20-м кьыщыззрагъэпэщащ псоми зэгъуэгу икІи пщІэншэу Интернетым зэрызыпащІэф Іэмалхэр. Мы зэманым иджыри кьуажэ 31-рэ ягъэбелджылащ (цІыхуи 100-м кьыщыщІэдзауэ 500-м нэс дэсу).

Ащхьуэтым жиІащ мы гъэм Хеймащэ хъупІэм щыІэ «Бахъсэн районым и щэнхабзэ-зыгъэпсэхупІэ центр» щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм Интернетыр зэрызнагъэсар. Абы кьыхигъэщащ щытыкІэм арэзы укъызэрищІыр, псом хуэмыдэу ар «ХъыбарегъащІэ инфраструктурэ» проектым ипкъ иткІэ 2019 - 2020 гъэхэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм кьызэрыриклуар. КъищынэмыщІауэ, кьэкІуэну зэманым министерствэмрэ связым и операторхэмрэ кьалэнышхуэхэр зыхуагъэувыж щыпІэ пхыдзахэм, щІыналъэм и зыгъэпсэхупІэхэм Интернетым епха Іуэхутхьбзэхэр щагъэхущІэныр зэтеуухауэ.

Егоровэ Татьянэ кьызэхуэсахэм ягу кьигъэкІыжащ КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ и министрым и Парламентым кьыщыщІепсэльам кьызэрыхигъащ мы зэманым кибер щІэпхъаджагъэхэр нэхъыбэу ялажь зэрыхъуар:

- ЦІыху кьызэрыгуэкІэми Іуэхущ1апІэншэу я зэран йокІ абыхэм. Министерствэр абы и лъэныкъуэкІэ дэІэпыкъуэгъу дауэ хъыкъэ? - щІэупущІащ Егоровэр.

Ащхьуэт Ислъам жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр «Бжьыгъэ дикТант» Іуэхум зэрыхэтар, абы ипкъ иткІэ ди щІыналъэр Кавказ Ищхьэрэм кьызэрыщыхьыкъащ, цІыхухэм ныкъусанигъэнэшэу Интернетыр кьаззрыхуэгъэсэбэпыр кьызэригъэлъэгъуар.

«Бахъсэн районым и щэнхабзэ-зыгъэпсэхупІэ центр» щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм и гугъу ищІу, КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш ІэнатІэмкІэ, щыІуэпсыр кьэгъэсэбэпынымрэ ар хьумэныкІэ и комитетым и унафэщІ **Текіушэ Артур** щІэупщІащ Хеймащэ хъупІэм мы лэжьыгъэм щыщу кьыщыпащэнум.

Министрым жиІащ Ветеринариемкіэ управленэм и штабым нэс сетым кьызэрырагъэубыдар, абы адэкІи зэрызрагъэубгъунур.

«КПРФ»-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІ **Пащты Борис** министерствэр кьыхуриджащ гъэгум мобильнэ связыр кьыщІезыгъэубыд станцэхэм я бжьыгъэр ирикъуу кьызэрызэмыгъэпэщамрэ тэмэму зэрымылажьэмрэ цІыхухэр зэриГъэтхьэзусыхэм гулъытэ хуащІыну.

Депутатхэм жаІащ иджырей Іэмалхэр шынагъуэншэу кьызэрагъэсэбэпыпхъэм теухуауэ цІыхухэм епсэльэн, я хуитыныгъэхэр гурагъэІуэн зэрыхуейр.

ЗэІущІэм я Іэху еплъыкІэ кьыщагъэльэгъуащ «Ростелеком» ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІым и кьуэдзэ **Мацыхъу Феликс**, «Мегафон» ПАО-м и Кавказ къудамэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іэнатіэм и унафэщІ **НафІэдзокъуэ Азэмэт**, «Вымпелком» ПАО-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Терёхин Роман** сымэ.

ЗэІущІэм щыжаІар кьклытауэ, депутатхэм ягъэбелджылащ зытепсэльэныхьа Іуэхур зи нэІэм щІэтхэр нэхъыщхьэу зэлэжьныпхъэхэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат гупым кьыхалъхьар, етІуанэ кьеджэгъуэу кьэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законым тетыныжмрэ щыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмрэ екьэлІа Іуэхуэхэмкіэ и комитетым кьалэн щыщІынэ а законопроектым теухуауэ кьыхалъхьа Іуэху еплъыкІэхэр, чэнджэщхэр, зэгъэзэхуэжьныгъэхэр кьэпльытауэ елэжьыжьну икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ещанэ кьеджэгъуэу щыхэпльэн папщІэ кьыхихльхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ
2021 гъэм накъыгъэм и 27-м
№313-П-П

Щэнхабзэ, узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ, социальнэ Іуэхутхьбзэ щІэн ІэнатІэхэм хьхьэ Іуэхущ1апІэхэм 2020 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и фІагъыр къызэрапщытам кърикІуахэм ятеуху отчётым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Щэнхабзэ, узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ, социальнэ Іуэхутхьбзэ щІэн ІэнатІэхэм хьхьэ Іуэхущ1апІэхэм 2020 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и фІагъыр къызэрапщытам кърикІуахэм ятеуху отчётыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм кьытам хэплъауэ, «Урысей Федерацэм хьхьэ щІыналъэхэм я къэрал властым и хабзэубзыху (лІыкІуэ), гъэззщІакІуэ органхэм я лэжьыгъэр зэтеуухуэным теухуауэ» Федеральнэ законым и 263-2 статьям и 4-нэ пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Зи гугъу тІупІу отчётыр кьэщтэн.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ яхуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ
2021 гъэм накъыгъэм и 27-м
№321-П-П

2021 гъэм и япэ мазищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчётым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2021 гъэм и япэ мазищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым сом мин 1038180,3-рэ кьинащ.

Ищхьэкіэ кьыщыгъэлъэгъуахэр и лъабжьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

2021 гъэм и япэ мазищым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр зэрагъэзэщІам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчётыр кьэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ
2021 гъэм накъыгъэм и 27-м
№322-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьегъэщІылІа Жылагъуэ советым хэтхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьегъэщІылІа Жылагъуэ советым теухуа Положенэм и 3.8 пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьегъэщІылІа Жылагъуэ советым хэгъэхьэн Гугу Владимир Рашад и кьуэмрэ Токъмакъ Азик Нурхьэлий и кьуэмрэ.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ
2021 гъэм накъыгъэм и 27-м
№323-П-П

НОБЭ

♦Къэжьыхьыным и дунейпсо махуэщ

♦Шхынкіэ емыгъэлеиныжмрэ къэуат зыщІэлъ ерыскъыжмрэ я махуэщ

♦Италием егъэлаІапІэ Республикэ щыхъуа маху эр. 1946 гъэм а хэкум щрагъэкІуэкІа референдумым унафэ кьыщацтащ къэрал гъэпсыкІэр зэхъуэ кІыным, пащтыхьыгъуэр щымыгъэІэжьыным теухуауэ.

♦Азербайджаным и граждан авиацэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1920 гъэм РСФСР-мрэ Тыркумрэ дипломатие зэхущытыкІэ зэхуаІэ хъуащ.

♦1924 гъэм США-м щыпсэу индейцхэр а къэралым и цІыхуу кьызэралъытэ зэрыхьэлар и щІыхь зэрыщыІэр Іэпщ1ащ.

♦1925 гъэм Налшык тхьылъ тедзапІэ кьыщызэІуахащ.

♦1931 гъэм Лондон (Инджылыз) щызэхэтащ Газым елэжьхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэ кьызэгъэпэщыным теухуа унафэ кьыщащта конференц.

♦1953 гъэм Елизаветэ ЕтІуанэр Инджылызым и пащтыхь гуащэ хъуащ.

♦1955 гъэм Байконур космодромыр ухуэн щІадзащ.

♦1962 гъэм Новочеркасск щызэтраукІат уасэхэр зэрыдрагъэуеякІэ зэрымыарэзыр жаІэну узрамым кьыдьхьа цІыху мамырдымыр унафэ кьыщацтащ къэрал гъэпсыкІэр зэхъуэкІыным, пащтыхьыгъуэр щымыгъэІэжьыным теухуауэ.

♦Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщцежьынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 20, жэщым градус 13 - 14 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Япэ хэдэр ІыхьэфІэщ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Жылагъуэ-экономикэ псэукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къахутэ

● ЩIэныгъэ

КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым иджыблагъэ щекIуэкIащ зызыхъуэж дунейм щызекIуэ жылагъуэ-экономикэ псэукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыхэхуэ гугъуехьхэмрэ абыхэм я зыужьыкIэ хъунумрэ я къэхутэным теухуа дунейпсо щIэныгъэ зэхуэс.

ЩIэНIУАТЭМ кърихьэлIащ ди хэгъэгуми хамэ къэралхэми щыщ щIэныгъэлIи 160-м щIигъу. Зэхуэсым и лэжьыгъэм хэтащ Урысейм къищынэмыщIауэ, Абхъазыр, Азербайджаным, Сербием, Монголием, Тыркум я еджапIэ нэхъыщхьэ 32-м я лIыкIуэхэр. Дунейр зэщIэзыщта пандемием и ягъэкIэ зэлущIэм кърихьэлIофар гьунэгъу щIыналъхэм - Адыгэ Республикэм, Осетие Ищхьэрэм - Аланием, Краснодар, Ставрополь - щыщ щIэныгъэлIхэрщ. Урысейм и щIыпIэ пыщдэхэм, хамэ къэралхэм щыщхэр зэхуэсым и лэжьыгъэм пэIудзауэщ зыужьыгъуэхэр кьанэ щымыIэу лъэпкъхэм кьакIуа тхыдэ гъуэгуанэм теухуащ. Зы хэгъэгум и политикэ гъэпсыкIэм зы псэукIэ лIэужьыгъуэр кьищтэрэ адрейм блэпIыкIыу щытми, зыгуэр къызыхэпх, цIыхум и щIэныгъэр еб1эфIэкIуэн щхьэкIэ узыкIэлъыплъ мыхъун пхэту кьыщIэкIынкъым. Дунейр егъэлеяуэ щыкIу хъуащ, цIыхухэм я зэхьхьэ-зэхэкIыр щIэхуэбжащ, игъащIэкIэ зэлъэIэсыну щымыта щыпIитIыр сыхьат бжыгъэм и кIуэцIкIэ къухьлъатэкIэ гъунэгъу зэхуэху. Апхуэдэ щытыкIэм Iэмалыншэу кьеГъэув жылагъуэ-экономикэ псэукIэ зэмылIэужьыгъуэу щIэхэм зым и жьыр зым лъэIэсу заужьыныр. Арыхэуи, нобэ зи ужь дит Iуэхур, хэлъ мыхьэнэм и гугъу пщIымэ, къыхэтэныгъэм и хьэмхъэм къыщынэжьркъым, щIэныгъэмэ хэлъхьэн, цIыхубзм яльэгъэIэсын уейуэ пщэрыльэ диIэщ. Зэхуэсым гупсысэу щыIунумрэ Iуэху еплъыкIэу къыщыхалъхьэнумрэ ди жылагъуэм зиужьыным икIи еФIэкIуэным хуэунэтIауэ зэрыщытынум шэч къытесхьэркъым. ФефIэкIуэну, лэжьыгъэ дахэ къефхьалIэну си гуапэщ», - жиIащ Абдулхаликовым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм щIэныгъэмрэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI КIэкIэ Аминат хъащIэхэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъаззэри, щIэныгъэр КъэбэрдейБалъкъэрым зэрыщIэкIуэм мыхьэнэ зэрыратыр и псалъэм къыхигъэщащ. «Кавказыр игъащIэми цIыху зэблэкIыпIэщ, -жиIащ КIэкIэм, - абы къыхэкIыуи, хуей-хуэмейми, мы щIыналъэм щIэнэсу лъэпкъхэр дунейм щызекIуэ жылагъуэ-экономикэ псэукIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыгъуэзэн хуей хъурт, къахьхьэ лъэпкъхэм я гупсысэкIэмрэ Iуэху щIэкIэмрэ Iэмалыншэу а щIэныгъэр къаритырт. А лъэхъэнэм цIыхухэр зэрыщIэн щхьэкIэ зэхыхьэн хуейуэ щытамэ, иджы интернетым кьит IэмалхэмкIэ дэтхэнэри и унэ щIэсу псыншIэу зэпхьIэс, пэIудауэ зэрыщIэр куэд хъуащ. Ауэ, шэч зыхэмылъыжраци, жылагъуэхэр зэрыцIыхуным тегъэщIапIэ иIэщи, ар экономикэмрэ цIыхум кьиплъыхуэ зэIуэзэпэщыныгъэмрэщ. Си япэкIэ къэпсэлъан зэрыжиIащи, дэри ди пщэрыпIащ цIыкIу хъуа дунейм фIыуэ хэпъыр зэуптIэIу къыхэмыкIыу нэхъ еэзгърабгъуу зэтщэлIэныр, ауэ щыхъукIи щыналъэ къэс иIэ щхьэхэуныгъэхэр тхъумэныр. Лэжьыгъэшхуэ къыхьфпэщыIпъ, фефIэкIуэну, лъэхъэнэ жьыжьэхэм яльэIэс гупсысэфIэхэмэ къэмышынэуэжьи унафэ дахэхэмрэ зэIуIэм къыщыфIхьыну си гуапэщ».

ЩIэнIуатэм кърихьэлIахэм я псалъэмакъым и нэхъыбэр ди хэгъэгумрэ гьунэгъу къэралхэмрэ нобэрей гьащIэм щыIэрахьэ жылагъуэ зэхущытыкIэхэм, зыхэт экономикэ щыIэкIэм теухуат.

Апхуэдэу, Урысей Федерацэм и Правительствэм деж щыIэ Финанс университетым и къудамэу Владикавказ дэтым и унафэщI Хубаев Тамерлан и къэпсэлъэныгъэр зытещIыхьар Урысейм иригъэжкI щIыналъэ политикэм хэлъхьэпхъэ зэхъуэжкIыныгъэхэмрэ абы пщIыбэ щхьэхуэныгъэ етыпхъэхэмрэщ. Хубаевым кьызэриIыпэмкIэ, щыта, профессор КIэрэф Къамболэт. А еджагъэшхуэ гъуэзэджэм и гъэсэн щIалэщIэм сыт щыгъуи и нэIэ къытригъэтащ. Станислав зэи игу ихужьнуръым КIэрэфым и адэ гулыIэр.

Блийр сыт щыгъуи пщIэшхуэ хуэищIу къекIуэкIащ республикэм зегъэужьыным гуащIэшхуэ хэзылъха ди унафэщIхэм. Станислав илъэс куэдкIэ ядэлэжьащ зи жьIэ щIэту пхигъэкIыгъа Дохьушокъуей Аусэ, Къэбэрдей Къэбэрдей Аусэ, Къэкlуэ Валерий, Сахьу Владимир сымэ, уеблэмэ, языныкъуэхэр ныбжьэгъуфIи къыхухэхъуат. ИщхьэкIи зэрыщыжьтIащи, езы Блийми сыт щыгъуи езым и еплъыкIэ иIэжт икIи ар пхигъэкIыфырт. Дауи, щIэныгъэлIым ар сытым дежи тынщу къекъуIэрэтэкъым. Итани, ар а хабзэм зэи къытеIакъым.

Блийм фIэгъемыщу икIи игу зэрыримыхьыр хуэгъэпщкIуркъым цIыхухэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэхэм иужьрей илъэсхэм кьыдэхъуэ хъуа щIыIагъэпсыгъэзэм зиужьу зэрыхуежьари, апхуэдэзэи, нэгъуэщIхэм я гукъеуэхэр кьрамыдэзэр и япэ ищхэми ефIегъуэу, сыт хуэдэ IэмалкIи я щхьэ Iэзэхуэр пхагъэкIыным нэхъ хущIэкъу зэрыхъуари. ЩIэныгъэлIым зэрыжиIэмкIэ, езым и лъэхъэнэм зэрыщытар нэгъуэщIуц: и щIалэгъуэм хиубыдахэми нэхъыжьыIуэхэми сыт щыгъуи япэ ирагъэщIыр я ныбжьэгъуэхэм, кьабгъурытхэм я ехъулIэныгъэхэр далэтыныр арат.

Блийр дапщэщи къэгъуэгурыкIуащ и щIэныгъэ къэхутэныгъэхэмрэ зыпэрыта IэнатIэхэм щигъэзэщIа и пщэрылъхэмрэ сыт и щIыскIи зэдригъэкIуу.

Станислав иджыри ядолажьэ мэкъумэш еджапIэ нэхъыщхьэ зыбжанэм, диссертацэ советхэм, жьыджрагъ нэс къыщигъэлъагъуэу, хэтщ. Ар дэIэпыкъуугъэ цIыхубгъу щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

Блийм игъэхъаэр, иригъэкIыжа и къэхутэныгъэхэр лъэужьышIэ хъуакъым: абы Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и ЩIыхь тхылъыр, УФ-м и Правительствэм и ФIыщIэ тхылъыр къратащ. Апхуэдэу Станислав зэрехьэ Урысей Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къыхуигъэфащащ Дыщэ медалыр. Абы къыдэкIуэуи, ар ЩIДАА-м и академикщ, Къэрал зэхуакъ промышленнэ академием щIыхь зиIэ и профессорщ.

Илъэс блэкIахэм щарипльэжкIэ, Станислав и гуапэу жеIэ ди Тхьэшхуэр ныбжьэгъуфIхэмрэ лэжьыгъуэфIхэмкIэ къыхэзгъуэпсар. Ар насыпифIэу дэпсэуащ иджыблагъэ дунейм екIужа Иринэ... Иджы и гъащIэр зыгъэдахэр и бынхэмрэ абыхэм къащIэхъуэжа я щIэблэмрэщ, а псоми я ефIэкIуэныгъэрэщ, я ехъулIэныгъэрщ.

И ныбжьыр илъэс 70 иригъуами, Станислав, зэрыжьитIащи, иджыри жыджрщ, мурадэр и куэдщ. Нэхъыщхьэр араущ, Блий Станислав сыт щыгъуи хьэзырщ и дэIепыкъуныгъэ хуэныкъуэ псоми, зэрыхуэзэфIекIэ, защIигъэкъуэну.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● КъБР-р илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу

ТхакIуэхэр я IэдакъэщIэкIхэм топсэлъыхь. *Сэмэгумкlэ къыщыщIэдзауэ:* **Елгъэр Кашиф, КIэщт Мухьэз, Шэвлокъуэ Пётр, Кулиев Къайсын, Мысачэ Пётр, Тхьэгъэзит Зубер.** *1974 гъэ*

● Май щIыналъэ

ЦIыхухэм къагъэлъагъуэ зэлэжьыпхъэр

Къалэхэм я теплъэр егъэфIекIуэным ехьэлIауэ ди республикэм и щIыналъэхэм щрагъэкIуэкI онлайн-IэIэтым кIуэ пэтми зеубгъу.

МАЙ ЩIЫНАЛЪЭМ щIыпIэ нэхъ дахэу 7 щагъэлъэгуащ. Абыхэм ящыщщ «Пушкиным и жыгейм» егъэщIылIа лъэс зекIуапIэр. Метр зэбгъуэнатIэ мин 9 зи инагъ а щIыпIэр куэдым хуэныкъуэщ: тетIысхьэпIэхэм, щхьэантIагъэхэм, сабий джэгупIэхэм. ЩIыпIэр гъэдахэн, къэгъэнэхун, лъэс лъагъуэхэр къэгъэщIэрэщIэжкIэ хуейщ.

Къалэдэсхэм я кIуапIэщ Щэнхабзэмкlэ унэм пэмыжыжьэу иIэ сабий утыкур, Комаровым и щIэр зезыхьэ узрамым иIэ лъакъуэрыгъажэ къэжьыхьыпIэр, налог инспекцэмкIэ Iуэхущ Iапl эм и гупэ кьиIуэ жыг хадэ щIыкIр.

Мэлыжьыхьым и 30-м къыщыщIэдзауэ накъыгъэм и 30-м нэсыху соцсетым щекIуэкIыну IэIэтым хэт хъунущ илъэс 14 ныбжьым къыщыщIэдзауэ ищхьэкIэ щыIэ псори. Мы Iуэхум жыджэру хэлэжьыхьынущ районым ис волонтёрхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ЗэIущIэхэр

Дыкъэзыцхъуреихь дунейм и къабзагъэр псоми ди зэхуэдэ Iуэхущ

Пхъэнкlиймрэ кIэрыхубжьэрыхуэхэм зэщIэзыкъуэ «Экохуэзыхуэщ1эхэр» щIыналъэ операторым и Iуэхущ1апIэм иджыблагъэ щызэхэтащ «Дыкъэзыцхъуреихь дунейм и къабзагъэр псоми ди зэхуэдэ Iуэхущ» зыфIаща щIэныгъэ-уэзщIакIэ проектым теуха зэIущIэр. Абы кърихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ дыкъэзыцхъуреихь дунейм и къабзагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэр, Налшык къалэ унафэр щызэхьэныкIэ и къулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущ1апIэхэм щеджэ ныбжьыщIэхэр, студентхэр.

IУЭХУМ курых хуащIа псалъэмакъыр ирамышажьэ щIыкIэ ар къызэгъэпэщащэм «ПхъэнкIиймрэ кIэрыхубжьэрыхуэхэмрэ зэрызэхадз щIыкIэ IэужькIыгъуэхэр» зи фIэщыгъэ видеогъэлъэгъуэныгъэр кьызэхуэсахэм я пащхьэ иралъхьащ. Ар теухуат дыхьэт дунейм и къабзагъэр хъумэным ехьэлIа гупсысэм цIыхур куэд лъандэрэ зэрыхэтым, пхъэнкIий издыным, кIэрыхубжьэрыхуэхэр ижь лъандэрэ къызэрыддгъэуэгурыкIуэм. Теплъэгъуэ-теплъэгъуэуэрэ зэщхьэщыха видеом тхыдэр тегъэщIапIэ зыщ щапхъэхэр, археологием и щыхъэтыгъэхэр мымащIэуи хэуухуэнат. Псалъэм и хьэтыркIэ, гъэлъэгъуэныгъэм нахуэ дыдэу кьиIуэтащ промышленностым зиужьхьу, абы къыщIигъэкI пкъыгъуэхэм хэхъуэху, цIыхум нэхъыбэ зэрыгъэкIуэкI зэрыхъуар, кIэрыхубжьэрыхуэхэри зэрыбгъуар. ПхъэнкIий ирадзымрэ абы и гъэкIуэдныкъмрэ зэкIэльыщIэмыхьэж щыхъупар зэфIэкIа къамыгъэсбэп хьэпшыпхэр уэру гъащIэм кьыхьыха нэужьу зэрыщытри IупщIу кьиIуэтащ.

Дыкъэзыцхъуреихь дунейм цIыхум ирих лейрмэр ар зэрыгъэзэкIуэжьыгъуейрэ екъэлIауэ къызэхуэсахэм хуаIуэтащ дуней псом хэIущIыу щыхъуа пхъэнкIий хьIтIыгуэхэр зэрыщIэр, Мысрым пхъэнкIиидзэм я кьалэкIэ зэджа жылагъуэшхуэхэм уэрыщIихьэлIэр. Урысейм и щапхъэр кьащIихьым, пхъэнкIий издыпIэр километр зэбгъуэзнатIэ 40000-м зэрыщIигъур, зы цIыхум махуэм хуэзэу пхъэнкIий килограмм зэрыридзыр кьыхэщащ.

ЗэIущIэм хэтхэр щагъэгъуэзащ пхъэнкIийр лIэужьыгъуищу зэрызэщхьэщыкIым: кIэрыхубжьэрыхуэхэр, унэлъащIэ зыхуэмеижхэр, ухуэныгъэм кьыдэхуа пхъэнкIийр. Иужьрей илъэс зыбгъупщIым цIыхум кьагурыIуэу хуежьащ къащыхуэзэм деж пхъэнкIийр зэрыщрадзым зыми фIы кьызэрыхуимыхьыр, ар иужькIэ узышIагъэм къефIыкIыжинкIэ зэрыхъунут. ЩIипсэу щIыпIэм, щалъхуа лъэхэм, зэрыс къэралыгъуэм я пащхьэ цIыхум щихь пщдэкIыжьыр зэрызыхищIэр хьIолъагъуэ абы пхъэнкIийр зэхидзыныр, игъуэу кьилъытэ зэрыхъуам.

КъызэгъэпэщакIуэхэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ пхъэнкIийр, кьишэ щынагъуэм теухуауэ, лIэужьыгъуэ зыбжанэу зэрызэкIри: щынагъуэшхуэ зыпылъ, хуабжьу щынагъуэ, кьызэрыкIуэ щынагъуэ, щынагъуэ мащIэ, жаIэу. Абы кьикIраци, пхъэнкIий зэмылIэужьыгъуэхэр зэхэпкIутэ хъунукъым - зэрыхъукIэ зэщхьэщцыхэу, Iэмал зимыIэхэр апхуэдэ пхъэнкIий лIэужьыгъуэхэр щызэхуахьэс щIыпIэхэм хьауэ етын хуейщ.

ЩIалэгъуалэм папщIэ зэIущIэм псалъэмакъ щхьэхуэ траухуащ промышленностым кьыщIихьэкI пкъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щIэрыщIэу зэрыщэгъэкIуэкIыным, абыхэм хуабэ кьызэрыраГъэпэжьым, цIыхум псэуныгъэм щызэрихьэ хъун хьэпшыпщIэ кьызэрыхьащIыкIым. Псалъэм папщIэ, пхъэнкIийхэм кьыхьажьж гъущIкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр (гъухур, дзэхур, гъущIыр, жэзыр) яГъэткIуэ, абдж кьутахуэхэр яГъэвэж, асфальтхэмрэ гъэжьажьмрэ яхьэжьыж, органикэ пхъэнкIийр яГъэкIуэдыж. Мыбы кьытехъеикIри, пхъэнкIий гъэкIуэдыкIу щыIэхэми я гугъу ящIащ. Ди щынагъуэм, псалъэм папщIэ, пхъэнкIийр щагъэс (мусорожигание), щIатIэ (захоронение), иужькIэ щыгъэпшэр зэмылIэужьыгъуэхэр кьыхащIыкIыжьин хуэдизу щагъэфэ (компостирование). МащIэ-мащIэуэрэ пхъэнкIий зэщIыгъэри (брикетирование) ди гъащIэм кьыхохьэ.

Псалъэмакъыщхьэ ирагъэкIащ пхъэнкIий издыпIэхэми. Иужьрей илъэсхэм, пхъэнкIий издыным кIэлъыплъ IэужущIапIэхэр жылэхэм щыдахьыжьым, псыхъуэзэмрэ къуэхэмрэ пхъэнкIийр узэримигъэкIуэжу щрадз хьуат. Иджы ар зымыдэ къэрал хабзэ щыIащ, ебакъуэр яГъэпшынэу. ПхъэнкIий издыпIэр щыпIэ пыухыкIахэм фIэкIа, унапIэрэ псэупIэрэ здэщыIэхэм гъунэгъуу щыпщI хъунукъым. Ауэ щыхъукIи, пхъэнкIий издыпIэр мащэ куум щхьэхьу пхьыуэ щызэтепкIутэ хъуркъым. Мащэ лъэгум Iэмалыншэу зэрызэкIри: щынагъуэшхуэ зыпылъ, хуабжьу щынагъуэ, кьызэрыкIуэ щынагъуэ, щынагъуэ мащIэ, жаIэу. Абы кьикIраци, пхъэнкIий зэмылIэужьыгъуэхэр зэхэпкIутэ хъунукъым - зэрыхъукIэ зэщхьэщцыхэу, Iэмал зимыIэхэр апхуэдэ пхъэнкIий лIэужьыгъуэхэр щызэхуахьэс щIыпIэхэм хьауэ етын хуейщ.

ЩIалэгъуалэм папщIэ зэIущIэм псалъэмакъ щхьэхуэ траухуащ промышленностым кьыщIихьэкI пкъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щIэрыщIэу зэрызэгъэгъэкIуэкIыным, абыхэм хуабэ кьызэрыраГъэпэжьым, цIыхум псэуныгъэм щызэрихьэ хъун хьэпшыпщIэ кьызэрыхьащIыкIым. Псалъэм папщIэ, пхъэнкIийхэм кьыхьажьж гъущIкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр (гъухур, дзэхур, гъущIыр, жэзыр) яГъэткIуэ, абдж кьутахуэхэр яГъэвэж, асфальтхэмрэ гъэжьажьмрэ яхьэжьыж, органикэ пхъэнкIийр яГъэкIуэдыж. Мыбы кьытехъеикIри, пхъэнкIий гъэкIуэдыкIу щыIэхэми я гугъу ящIащ. Ди щынагъуэм, псалъэм папщIэ, пхъэнкIийр щагъэс (мусорожигание), щIатIэ (захоронение), иужькIэ щыгъэпшэр зэмылIэужьыгъуэхэр щагъэфэ (компостирование). МащIэ-мащIэуэрэ пхъэнкIий зэщIыгъэри (брикетирование) ди гъащIэм кьыхохьэ.

Псалъэмакъыщхьэ ирагъэкIащ пхъэнкIий издыпIэхэми. Иужьрей илъэсхэм, пхъэнкIий издыным кIэлъыплъ IэужущIапIэхэр жылэхэм щыдахьыжьым, псыхъуэзэмрэ къуэхэмрэ пхъэнкIийр узэримигъэкIуэжу щрадз хьуат. Иджы ар зымыдэ къэрал хабзэ щыIащ, ебакъуэр яГъэпшынэу. ПхъэнкIий издыпIэр щыпIэ пыухыкIахэм фIэкIа, унапIэрэ псэупIэрэ здэщыIэхэм гъунэгъуу щыпщI хъунукъым. Ауэ щыхъукIи, пхъэнкIий издыпIэр мащэ куум щхьэхьу пхьыуэ щызэтепкIутэ хъуркъым. Мащэ лъэгум Iэмалыншэу щIаГъащIэлъ иIэн, абы и гугъщIыум щызэтралъхьэ пхъэнкIийм и фахуэпсыр зэрыжэн бжьамий, кьызхих бахъэм дыджыгъэу пылъымрэ кьыхэкI гъуэзым и щынагъуэмрэ къэзылъытэ нитратхутэхэр иIэн, мащэр из хьуа нэужь, зэрыбгъэбыдэжьым щытетхъуэхэри щыIэн хуейщ. Арыншауэ, езыр-езыру кьызэнэху пхъэнкIий издыпIэхэм щыIэ къэрал хабзэхэр кьызэпуад.

Кьыхэгъэщын хуейщ, «Дыкъэзыцхъуреихь дунейм и къабзагъэр псоми ди зэхуэдэ Iуэхущ» щIэныгъэ-уэзщIакIуэ проектым ипкъ иткIэ хьэуам, псыхэм, псыхъуэхэм я къабзагъэр хъумэным, щхьэрыутIыпщу пхъэнкIий издыпIэхэр къэмыгъэхъуным теухуауэ екIуэкIа зэпеуэм щытекIуахэмрэ къэщыкъхэжьанкIахэмрэ зэIущIэми щагъэфIежащ, фIыщIэгъуапэ тхылъэр ирагъащ, тыгъэ пIапIэхэмкIэ яГъэгуфIащ. КупщIафIэу екIуэкIа зэIущIэр и кIэм щынэсыи, еджакIуэхэмрэ студентхэмрэ «Аруан» пхъэнкIий издыпIэм и зэхэпхыкIэр, щекIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэр ирагъэпсаГъну ящащ.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.

ЩIэныгъэлI щыпкъэ

● ДифI догъэтъапIэ

Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Блий Станислав иджыблагъэ илъэс 70 иригъуащ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМИ адрей щIыналъэхэми ар кьызэрыщащIыхур ехьулIэныгъэхуэ зэрыгъэгъэхуэ егъэджакIуэ-щIэныгъэлIыщ, мэкъумэш производствэм и къызэгъэпэщакIэм Iэзэщ. Курыт еджапIэм иджыри щIэсу, Станислав игу ирилъхьат агроном IэщIагъэр зригъэгъуэту, и гъащIэмрэ и гуащIэдэкIымрэ щIым ирипхыну.

- Агрономие щIэныгъэм сэ къысхуэзIуиихащ псэуныгъэм пыщIа Iуэхугъуэхэм гъуни-нэзи зэрамыIэр, - игу къегъэкIыж профессорэ Блий Станислав. - КъэщIыгъэм и хабзэ тельыджкэхэм ящыщ куэдыр сэркIэ нэхъ зэхэщIыкIыгъуэ хъуащ, гъавэр берычэту къехьэлIэжыным гуфIэгъуэу пылъымрэ ар гухэхъуэгъуэу ину зэрыщытымрэ гурэ-псэкIэ нэхъ зыхэсщIэуи щIэздзащ. Кьызэрыгуащ си IэщIагъэм и фIыгъэкIэ щIыхэхэм сэбэпныгъэу езгъэкIыфынур зыхуэдизыр, аращ сэ а щIэныгъэм нэхъ гъунэгъу сыхуэзыщIари.

Блий Станислав мэкъумэш хозяйствэм пыщIа Iуэхущ1апIэхэм, псори зэхэту, илъэс 35-кIэ щыIэжащ, иужьрей лъэхъэнэм «Россельхозцентр»-м (Урысей мэкъумэш центрым) Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ къудамэм и унафэщIу щытащ.

Езы Блийм кьызэрыгъэщымкIэ, зыпэрыта IэнатIэхэм я Iэтащхьэу зэрыщытар хуабжьу къыхуэщхьэпащ республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ иригъэкIуэкIа и къэхутэныгъэхэм щхьэхуэкIа и къэхутэныгъэхэм щыщ ещанэщ лейкэр кьрахьэлIауэ, апхуэдэхэр кьыззрилъытэри куэдрэ зэгупсысу зытегушхуэ унэтIныныгъэхэр пощхьэпоущIэхэр кьыдэуныкъуу.

Станислав зи гугъу тщIа и егупсысыкIэр къызыхихари гурыIуэгъэщ: зыпэрыува Iуэхум фIыуэ зэрыхиущIыкIыр, абы ипкъ иткIи зэрызахуэр зыхэзыщIэ, къыхифъебелджылыкIа унэтIныныгъэр псом нэхърэ нэхъ зэгъэзыырым, ар яхуэзауэ щытат мэкъумэш щIэныгъэм фIыуэ хэзыщIыкI еджагъэшхуэ зыбжанэм, иКIи дэтхэнэм и дежи къыщигъэтат иужькIэ езым иригъэкIуэкIыжа и къэхутэныгъэхэм къыщыхуэщхьэпа Iэзагъэ-Iущыныгъэхэр. Кьыхэдгъащ зэрыхъунумкIи, Станислав ящыщкъым апхуэдэ лIы щаджащэхэм я фIыщIэ зыгъэкIуэдэжм.

Блийм зэи щыгъупщэнукъым щIэныгъэм, апхуэдэуи къэхутэныгъэ лэжьыгъэм лъагъуэ щыпхишынымкIэ зи сэбэп лъэщу къекIа, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору щыта, профессор КIэрэф Къамболэт. А еджагъэшхуэ гъуэзэджэм и гъэсэн щIалэщIэм сыт щыгъуи и нэIэ къытригъэтащ. Станислав зэи игу ихужьнуръым КIэрэфым и адэ гулыIэр.

Блийр сыт щыгъуи пщIэшхуэ яхуищIу къекIуэкIащ республикэм зегъэужьыным гуащIэшхуэ хэзылъха ди унафэщIхэм. Станислав илъэс куэдкIэ ядэлэжьащ зи жьIэ щIэту пхигъэкIыгъа Дохьушокъуей Аусэ, Къэбэрдей Аусэ, Къэкlуэ Валерий, Сахьу Владимир сымэ, уеблэмэ, язныныкъуэхэр ныбжьэгъуфIи къыхухэхъуат. ИщхьэкIи зэрыщыжьтIащи, езы Блийми сыт щыгъуи езым и еплъыкIэ иIэжт икIи ар пхигъэкIыфырт. Дауи, щIэныгъэлIым ар сытым дежи тынщу къекъуIэрэтэкъым. Итани, ар а хабзэм зэи къытеIакъым.

Блийм фIэгъемыщу икIи игу зэрыримыхьыр хуэгъэпщкIуркъым цIыхухэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэхэм иужьрей илъэсхэм кьыдэхъуэ хъуа щIыIагъэпсыгъэзэм зиужьу зэрыхуежьари, апхуэдэзэи, нэгъуэщIхэм я гукъеуэхэр кьрамыдэзэр и япэ ищхэми ефIегъуэу, сыт хуэдэ Iэмалкlи я щхьэ Iэзэхуэр пхагъэкIыным нэхъ хущIэкъу зэрыхъуари. ЩIэныгъэлIым зэрыжиIэмкIэ, езым и лъэхъэнэм зэрыщытар нэгъуэщIуц: и щIалэгъуэм хиубыдахэми нэхъыжьыIуэхэми сыт щыгъуи япэ ирагъэщIыр я ныбжьэгъуэхэм, кьабгъурытхэм я ехъулIэныгъэхэр далэтыныр арат.

Блийр дапщэщи къэгъуэгурыкIуащ и щIэныгъэ къэхутэныгъэхэмрэ зыпэрыта IэнатIэхэм щигъэзэщIа и пщэрылъхэмрэ сыт и щIыскIи зэдригъэкIуу.

Станислав иджыри ядолажьэ мэкъумэш еджапIэ нэхъыщхьэ зыбжанэм, диссертацэ советхэм, жьыджрагъ нэс къыщигъэлъагъуэу, хэтщ. Ар дэIэпыкъуугъэ цIыхубгъу щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

Блийм игъэхъаэр, иригъэкIыжа и къэхутэныгъэхэр лъэужьышIэ хъуакъым: абы Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и ЩIыхь тхылъыр, УФ-м и Правительствэм и ФIыщIэ тхылъыр къратащ. Апхуэдэу Станислав зэрехьэ Урысей Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къыхуигъэфащащ Дыщэ медалыр. Абы къыдэкIуэуи, ар ЩIДАА-м и академикщ, Къэрал зэхуакъ промышленнэ академием щIыхь зиIэ и профессорщ.

Илъэс блэкIахэм щарипльэжкIэ, Станислав и гуапэу жеIэ ди Тхьэшхуэр ныбжьэгъуфIхэмрэ лэжьыгъуэфIхэмкIэ къыхэзгъуэпсар. Ар насыпифIэу дэпсэуащ иджыблагъэ дунейм екIужа Иринэ... Иджы и гъащIэр зыгъэдахэр и бынхэмрэ абыхэм къащIэхъуэжа я щIэблэмрэщ, а псоми я ефIэкIуэныгъэрэщ, я ехъулIэныгъэрщ.

И ныбжьыр илъэс 70 иригъуами, Станислав, зэрыжьитIащи, иджыри жыджрщ, мурадэр и куэдщ. Нэхъыщхьэр араущ, Блий Станислав сыт щыгъуи хьэзырщ и дэIепыкъуныгъэ хуэныкъуэ псоми, зэрыхуэзэфIекIэ, защIигъэкъуэну.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ

● Тхыдэжь

Нартым и пщІыхьэпІэр

Жэщибл-махуиблкІэ жеяуэ, зы нарт кьызэщыужащ. Жэщ къэс пщІыхьэпІэ и нэгу щІэкІырти, егупсыса щхьэкІэ зыхуихьынур кьыхуэщІащІэкъым. КъыщыхуэмыщІэм, тхьэгурымагъуэм деж кІуащ:

- ПщыхьэпІэм жэщибл-махуиблкІэ сыхэкІакъым, къикІыр къызжеІэ, - жиІэри.

- Сыт узэпщІыхьар?- кьеупщІащ тхьэгурымагъуэр.

- Ятп жэщым сызэпщІыхьаращ: мэзым зы бланэ къыхахури, ди куэбжэм къраухІащ, бланэр щаукІым, тхьэрыкъуитІ къэльэтащ, ди пщІантІэ къыдэтІысхьэри зафыщІыжащ. ПщІантІэм зы выдыжь дэсти, и жьэ зэщІихакъым. Бланэр щаукІам деж щІым зы жыгыщІэ къыхэжауэ сльэгъуащ.

- Бланэр уэращ, - жиІащ тхьэгурымагъуэм. - ЗекІуэ уежьауэ уи бийр уи уижь кІихьэнурэ ууакІынущ. ТхьэрыкъуитІыр уи шыпхъитІращ: я дыщым бэкІуэжынрэ уагъеижынущ. Вындыжьыр уи анэращ: уи анэм и нэпс къыщІэкІауэ яригъэльагъунукъым хьэдагъэ къыдыхьэм. Уи щхьэгъуэгэ уэндэгъущи, щІалэ къыпхуальхунурэ уилъ ищІэжынущ - щІым къыхэжа жыгыщІэр аращ, уэ ущымыІэжу уи ужькІэ къэхъунуращ.

- Ари хъунщ, - жиІащ нартым. - ЕтІуанэ жэщым сльэгъуаращ: мэл хъущэм сыхэплъэри, зытІ фІэкІа яхэсльэгъуакъым. Ар зищысыр сыт?

- Ар дэ ди пщысэкъым, ар ди ужь къихьэнум я пщысэщ: жьлэм я унафэр зы лІым и Іэмыщ1э щихуэн лъэхъэнэ къэхъунущ.

- Ари хъунщ. Ещанэ жэщым сльэгъуаращ: щІопщыкъу къэсхьынщ жысІэри мэзым сыкІуащ. «Мыр щІопщыкъу хъунщ» жысІэри зы къудамэкІэ сыІэбати, нэгъуэщІ зы къудамэ щІыкІуи зыкъишиящ, «Сэ сыпыупщІ» жиІэри. Ар ситым хуэпхьэ?

- Ари ди пщысэкъым, ари ди ужь къихьэнум я пщысэщ: я адэхэр унэм кьранэурэ я къуэхэр хасэм хьихьэ хъунущ.

- ЕтІанэ жэщым сызэпщІыхьар мыращ: шы псэф хьупІэм сыщрихьэлІати, езым сыкъишІакъым, и ныбэм илъым и щыщ макъ зэхэсхащ. Ар дауэ кьызэрыбгурыІуэр?

- Ари ди пщысэкъым, ари ди ужь къихьэнухэращ зи пщысэр: я шыпхъу нэхъыжьхэр къыданэурэ я шыпхъу нэхъыщІэхэм дэкІуэу къаублэнущ.

- ЕтХуанэ жэщым лъахъстэн вакъэмрэ выфэ вакъэмрэ жыгым зэрыдэмыбгъэкІуейуэ сепщІыхьащ. Ситым хуэпхьэ?

- Ари ди пщысэкъым, ари ди ужь къихьэнухэм я пщысэщ: бжьыгъэр зэпаубыдынурэ цІыхур зэрыщх-зэрылІ хъунущ.

- Ехана жэщым си нэгу щІэкІар мыращ: мэшым и хъугъуэти, мэшых сыщыкІуэм мэшыр къуалэбзум яхъуаэу срихьэлІащ - ху напІэм ху исыжакъым. Сытым хуэпхь хъуну ар?

- Ари зи пщысэр ди ужь къихьэнухэращ: щІым и ІэфІыр щІэкІынущ; хасэнущ икІи кърахьэлІэжынущ, ауэ яхурикъунукъым.

- Еблана жэщым сызэпщІыхьараща: зекІуэ сежьауэ гъуэгум сыщепсыхри, си щІакІуэр субгъуати, сышэсыжынщ щыжысІэм си щІакІуэм хъумпІэцІэдж къежауэ сльэгъуащ. Абы сыту пІэрэ кьикІыр?

- Ари ди пщысэкъым, ари ди ужь къихьэнум я пщысэщ: ди ужькІэ къэкІуэну цІыхум хъумпІэцІэдж хуэдизщ я инагъынур.

Ар жиІэри, тхьэгурымагъуэр и Іуэку иужь ихьэжащ, нартыжьри, зэхихар фІэтелъыджалажьэу, кьежьэжащ.

Бжьахъуэм и къуэм и таурыхъыр

Гъатхэр къихьэу уэфІ щыхъум, нартхэ я бжьахъуэм и бжьэр дишри, тІуащІэм бжьахъуэ пщыІэ щыхисащ. ПщыІэр хисауэ бжьэр игъэхъуурэ, бжьахъуэм щІалэ къыхуалъхуащ. Гущэм хапхащ бжьахъуэм и къуэр. Хапха щхьэкІэ, щІалэщІэр гущэм яхуэхапхьэкІы.

- Си адэр, - жиІэри гущэпсыр кьызэпичащ.

- Уи адэр тІуащІэм дэсщ, бжьэ егъэхъу, - жраІащ щІалэм.

Гущэм къафІыхэкІри, жьхафэгум кьытеуващ щІалэм и къуэр.

- ТІуащІэм сыкІуэнурэ си адэр сльаГъунущ, - жиІащ абы.

ТІуащІэм ежьауэ гъуэгу здытетым, бжьахъуэм и къуэм шууищ кьрихьэлІащ.

- Уий, мыр зэрыцІыкІунитІэ, нэщІэпкІэ хуэдизи уэзрыхъур! - къыщыдыхьэшхащ шууищыр. - Дэнэ уежьа?

- Сэ сыздежьам сыт хуви-Іуэху, - жиІащ бжьахъуэм и къуэм. - Фэ фыздежьар къызжефІэ.

- Шы дыгъу докІуэ, гъусэ укъытхузэхъумэ, уздэтшэнщ, - къыздэгушыІащ шууищыр.

- Сыфхуэхъунщ, - жиІащ бжьахъуэм и къуэм. - Сыздэфшэ.

Бжьахъуэм и къуэр ягъэкІэсри здрахьэжьащ. ЗдэкІуэм, уэтэр ирихьэлІащ. Іуэм вы итти:

- Іуэм ихьи, зыв къиху, - жраІащ шууищым бжьахъуэм и къуэм. - Выр дукІынщи, лэгъупыІэмпІэ зэфІэдзэнщ - дыгъуэмылэнщэщ.

Бжьахъуэм и къуэр Іуэм ихьэри, шууищым къеГуоуащ:

- Іуэм нисхунур вы къуэлэн, вы джабэху, вы джэмыдэ, вы уэгуш? - жиІэри.

- УмыкІий, дыкъебГъэщІэнущ! - гуэзващ шууищыр.- Сытми, зыв къихуи, Іуэм кьикІ.

Бжьахъуэм и къуэм Іуэм зыв кърихури, шууищыр мэзым щІыхьащ, хуейм ихьэри выр яуклащ, лэгъупыІэмпІэ зэфІадзэри, лыр халъхьащ. Псыр къыщытекъуальэм, бжьахъуэм и къуэр лэгъупым хэпкІащ. Шууищым гу лъатакъым бжьахъуэм и къуэр зэрыхэпкІам.

- Си пэр ес, си нэр ес! - кьыхэкІиикІащ бжьахъуэм и къуэр лэпсым, и щхьэр къыхигъэжри.

Къэхъуар къагурыІуакъым шууищым: зэрыгъащтэри мэзым щІэльэджащ, яшхэр къагъанэри.

Бжьахъуэм и къуэр лэпсым кьыхэпъыжащ, лыр ватти, лэгъупыр и дамэм фІидзащ, зыш къэшэсщ, шитІыр ІумпІэкІэ иубыдри кьежьэжащ.

КъакІуэм-къальэурэ, нартхэ я шыбзыхъуэм ирихьэлІащ бжьахъуэм и къуэр.

- Уанэкъуапэм укъыкъуэщырыкъым, дэнэ укъикІрэ, дэнэ укІуэрэ? Шыри дэнэ къипха? - кьеупщІащ нартхэ я шыбзыхъуэр абы.

- Нарт Сосрыкъуэ шыбз гуартэ кьихуауэ егэш, кьыслъысыр кьыхэсхащ,- жиІащ бжьахъуэм и къуэм.- УхокІыж.

- Іэгъу! - жиІэри, шыбзыхъуэр ежьжьащ. Шыбзыхъуэр щежажьэм, бжьахъуэм и къуэм нартхэ я шыбзыхъуэм и шыбз гуартэр кьрихужьэри кьежьэжащ.

КъакІуэм-къальэурэ, нартхэ я выхъуэм къыІуащІащ.

Шыуищым гу лъатакъым бжьахъуэм и къуэр зэрыхэпкІам.

- Си пэр ес, си нэр ес! - кьыхэкІиикІащ бжьахъуэм и къуэр лэпсым, и щхьэр къыхигъэжри.

Къэхъуар къагурыІуакъым шууищым: зэрыгъащтэри мэзым щІэльэджащ, яшхэр къагъанэри.

Бжьахъуэм и къуэр лэпсым кьыхэпъыжащ, лыр ватти, лэгъупыр и дамэм фІидзащ, зыш къэшэсщ, шитІыр ІумпІэкІэ иубыдри кьежьэжащ.

КъакІуэм-къальэурэ, нартхэ я шыбзыхъуэм ирихьэлІащ бжьахъуэм и къуэр.

- Уанэкъуапэм укъыкъуэщырыкъым, дэнэ укъикІрэ, дэнэ укІуэрэ? Шыри дэнэ къипха? - кьеупщІащ нартхэ я шыбзыхъуэр абы.

- Нарт Сосрыкъуэ шыбз гуартэ кьихуауэ егэш, кьыслъысыр кьыхэсхащ,- жиІащ бжьахъуэм и къуэм.- УхокІыж.

- Іэгъу! - жиІэри, шыбзыхъуэр ежьжьащ. Шыбзыхъуэр щежажьэм, бжьахъуэм и къуэм нартхэ я шыбзыхъуэм и шыбз гуартэр кьрихужьэри кьежьэжащ.

КъакІуэм-къальэурэ, нартхэ я выхъуэм къыІуащІащ.

- Шыбзыр дэнэ къипхуэ? - кьеупщІащ нартхэ я выхъуэр.

- Нарт Бэдынокъуэ шыбз гуартэ кьихуауэ егэш, кьыслъысыр кьыхэсхащ, - жиІащ бжьахъуэм и къуэм. - УхокІыж.

- Іэгъу! - жиІэри, выхъуэр ежьжьащ. Выхъуэр щежажьэм, бжьахъуэм и къуэм вы хъушэр кьызэщІикъуэри, и гъэгу теувэжащ.

КъакІуэм-къальэурэ, нартхэ я мэлыхъуэм Іуущ.

- Шыбзри вы хъушэри дэнэ кьипхуэ? - кьеупщІащ абы мэлыхъуэр.

- Нарт Ашэмэз шырэ выре кьихуауэ егэш, кьыслъысыр кьыхэсхащ, - жиІащ бжьахъуэм и къуэм.- УхокІыж.

- Іэгъу! - жиІэри, мэлыхъуэр ежьжьащ. Мэлыхъуэр щежажьэм, шыбзымрэ вымрэ мэл хъушэри кьыщІигъури, бжьахъуэм и къуэр кьежьэжащ. И адэм деж нэсри:

- Шыи, выи, мэли кьыпхузэсхуащ, - жриІащ.

- Уэ езыр хэт ухъуну? - кьеупщІащ бжьахъуэр, шхэмылакІэмрэ лъэрыгъымрэ иубыдри.

- Нартхэ я бжьахъуэм сриІуэщ, - жиІащ модрейм, кьепсыхри. - Бжьэр кьыдэпшащ сыкъалъхуащ. Бжьэр кьэпщІмэ, пІэщІэкІынкІэ сышынэрти, сыкъьыпкІэлъыдэкІащ.

Насып

ЩыІащ-псэуащ зы унагъуэ гуэр. А унагъуэм я нэхъыжьыр жьырытэджкт. Пщэдджьыжь къэс жьыуэ кьыщІэкІырти, пщІантІэм Іэуэльауэу, Іэуху ищІэу дэтт.

ЩІымахуэ пщэдджьыжь гуэрым жьыуэ кьыщІэкІауэ пщІантІэм льагъуэ дэкІыу лІым кьыльэуащ.

- Сыту пІэрэ мыр зи лъагъуэр? Лъэужьым тету сыкІуэнщи, зыщыщыр къэсщІэнщ, - жиІэри лъагъуэм тету ежьащ.

Бжьэпэм нэсри, лъагъуэр къуэвыІащ. Лым макъ кьызэхэх:

- Сэ слъэгъуащ си ужь уиту укъыізэрыкІуар. Куэд щІауэ фи унагъуэм сыкІэлъоплъ. УцІыху лэжьакІуэшхуэщ. Сэ сынасыпщ. ЖьІэ сыт ухуей, узыхуей гуэр пхуэсщІэнущ, - жиІащ насыпым.

- Арамэ, си закъуэкІэ бжесІэфынкъым, си унагъуэм сечэнджэщыжьнщи, хъюбар уэстыжьнщ, - пидзыжащ насыпым лІым.

- Хъунщ, сэ мыбдеж сыныщожьэнщ, - жэуап кьитащ насыпым. - Пщэдей иджыпсту хуэдз зэманым мыбдеж кьыІухьэж.

ЛІыр унэм щІэсхэм яхьихьэжри, Іуэхур зыІутыр яжриІащ. Хэт жэм куэд жиІэрт, хэти шы куэдкІэ елъэІу жиІэрт.

Лым иджыри темыхьауэ унагъуэм насащІэ цІыкІу яІэти, абы деж кІуэуэ насыпым зэрелъэІу хъунур жрагъэІэну игъэкІуащ. НысащІэм щеупщІым:

- Шы куэди, жэм куэди дыхуейкъым. Ди унагъуэм зэгурыІуэ ильу дыпсэумэ, абы нэхърэ нэхъыфІ щыІэу къысщыхъуркъым. ДызэгурыІуэмэ, шыри жэмри дгъуэтынщ. ИрельэІу зэгурыІуэ ди унагъуэ кьрилъхьэну, - жиІащ.

Лым нысэм и жэуапыр гурыхь щыхъуащ. ЕтІуанэ махуэм щыжиІа зэманым насыпыр кьыщыпэплъэ щІыпІэм деж кІуащ.

- Шыи жэми жысІэркъым, зэгурыІуэ ди унэм ильу дыпсэуну дыхуейуэ аращ, - жиІащ лІым.

- Арамэ, насыпыр зыхуэфащэр фэращ, - жиІащ абы.

А унагъуэм абдеж къыщежьэри, зэи хьэргъэшыргъэ кьихьакъым, зэгурыІуэ-зэдэІузэжхэу, тхъэуэ псэухэу куэдрэ дунейм тетащ.

«Жьыуэ кьэтэджауэ щІегъуэжа щыІэкъым», жаІэ. ЦІыхур зэрыпсэун, зэрефІэкІуэн Іэхущ зэрихуэри, жьыуэ кьэтэджым и Іуэхур бзэпсу иокІри, и насыпри хуарзэу щхьэщцытщ.

● ГъэсэпэтхыдэхэР

Афэ джанэ

Еуэщ-еІэри, зэлІэзфыз псэурт. А тІум зыпхъу яІэт. Ар апхуэдизкІэ дахэти, абы зэ Іуплъам лъагъуныгъэшхуэ и гум щитэтІылъырт. Зэгуэрым а хъыджжэбзым я унэм афэ джанэ къыщыгъуэтащ. Къыщигъуэтым, и анэм деж ихьри еупщІащ:

- Мыр сыт зищІысыр, хэт зейр? - жиІэри.

- Си хъыджжэбз, мыр афэ джанэщ. Ар уэ къыщыбгъуэтакІэ, хабзэжьым тету зыщытІагъэ, уи насып кьэпльыхьуэу ежьэж, - жриІащ анэм и пхъум.

Хъыджжэбзым афэ джанэр щитІагъэри, и анэм зэрыжиІам хуэдэу ежьащ. Гъуэгум тету здэкІуэм ар хуэзащ зы цІыхуб гуэрым. А цІыхубзым, къэпсалъэри:

- Си пхъур, си пхъур кьэзгъэтыжащ. Мыпхуэдэ афэ джанэ сэр нэмыщІ зи1эр зы унагъуэщ, ІэмалышагъэкІэ хьІфІэздза си пхъур иджыри къыздэсым схуапІащ а унагъуэм, - зэкІэльыгъэпІащІэуэрэ жиІащ.

ЦІыхубзым хъыджжэбзым и Іэблэр иубыдри, я унэм ишащ. Ар абы дахэ дыдэу ихуапэри, цІыхухэм яхишэу хуежьащ. ЦІыхубзым хъыджжэбзыр щигъашхэкІэ, пІастэм вэгъу темылъу, лым къупщхьэ хэмылъут зэригъашхэр. Сытми, медан хуэдизкІи тепльэкъуКІыртэкъым.

Зы махуэ гуэрым хъыджжэбзыр унэм кьыщІинэри, цІыхубзыр гъунэгъум екІуэкІащ. Хъыджжэбзым унэр зэлъыІуихри, и анэм ежьэу щхьэгъубжэ Іухам ІутІысхьащ. Щхьэгъубжэм здыІусым Іурихри, мо и жьэ зэтехам щхьэгъубжэмкІэ къыздэпщри бгъэжьэдэпщхьащ. Блэм зигъэхъеймэ, хъыджжэбзыр и акъыльм икІырт, зимыгъэхъеймэ, зэрыщытуаэ хъужьырт. Апхуэдэурэ куэд кІуа, мащІэ кІуа, къуажэм дэс фызыжь губзыгъэ гуэрым цІыхубзым кьыжриІащ хъыджжэбзым афэр щригъэхьажу псым зыщригъэгъэпсКІыжыну. ЗэрыжаІам тету, хъыджжэбзым афэр зыщихыжри, псым хыхьащ, зэрыхыхьэри абы кьыхэкІа блэр и жьэм кьыжьэдэкІыжри хыхьэжащ. Абдеж щегъэжьауэ хъыджжэбзым афэ джанэр щитІэгъакъым, унагъуэ хъуа нэужь, и бынхэми щаригъэтІэгъакъым, щІыпІэ пхыдза гуэрым ихьри щыщитІэжащ, насып лъыхъуэ нэгъэущІ гуэрым кьрегъуэт, жиІэри.

«Насыпым еблэкъым, еижкъым», жаІэ. Насып зыгъуэтар абы емыблэжыныр, ар нэгъэущІым къызэригъуэтыным щІэхъуэпсыныр ешэр насыпщ. Насыпыр умеймэ, афэ джанэ хуэдэщ, пкІэрызэгъэнукъым.

● ЖьІэгъуэхэР

Ятп уимыщмэ, ущыным уеукІ

♦ Бижь благъэ хъуркъым, благъэжь бий хъуркъым.
♦ Бийм и пІалъэр ущыІущІэщ.
♦ Бийм ущысхьмэ, уІэгъэ уохъу.
♦ Бийр къыпщытхъурей хъумэ, умыблэярыгъ.
♦ Джатэ и щІагъ нанэ щыІэжкъым.
♦ Дзэм лей хэткъым.
♦ Жьэр щхьэм и лІыкІуэщ.
♦ Жэщ къыптехъуауэ уемыжьэ, нэху къыптещауэ уемыкІуэлІэж.
♦ Зи пІалъэ умыщІэ шыкІэ утыку уимыхьэ.
♦ Зы лІым щэ унгъашІэмэ, уделэщ, зы мащэм щэ инхуэмэ, унэфщ.
♦ ЛІэным лІыгъэ хэлъщ.
♦ Лы здашэ щІэупщІэркъым.
♦ Лы и махуэрэ шы и махуэрэ зэхуэдэкъым.
♦ Лы и пІалъэ ещІыжыркъым.
♦ Лы и псалъэ ещІыжыркъым.
♦ Лы Іэщэпшэ еуэркъым.
♦ Лыгъэ зиІэм Іэщэр ейщ.
♦ Лыгъэ щІапІэ лІы икІуадэркъым.
♦ Лыхъужь и лъэужь кІуэдыркъым.
♦ Лыхъужьым и джатэ бзэщхъуркъым.
♦ Лыхъужьыр зэ лІэгъуэщи, къэрабгъэр тІэу лІэгъуэщ.
♦ Махуэ гъуэгу утехьэмэ, махуищ гъуэмылэ здэщтэ.
♦ Удэхуэха нэужь, бгъуэтыжыр ныбжьэгъущ.
♦ Уи гъунэгъур бзаджэмэ, щІы хущынэ.
♦ Уи мыгъусэм ун лъатэпс иумыгъапхэ.
♦ Хьэ закъуэрэ лІы закъуэрэ уатемыгушхуэ.
♦ Щауэмыхъу жьантІакІуэщ.
♦ ЩытхъукІейрэ убыкІейрэ зэхуэдэщ.
♦ ЩІакІуэ нэхърэ, уэшх нэхъ благъэщ.
♦ Яъагъу псор яІуэтэжыркъым.
♦ Ямыгъэпсалъэ яукІыркъым.
♦ Ятп уимыщмэ, ущыным уеукІ.
♦ Ятп умыу, къуэум ущымысхь.
♦ Іэщэ зыгъэдалъэм илъ ятп мажэ.

Сыт апхуэдэу щІыжаІэр?



Жьындум и фыз къэшэкІэщ

Жьындум махуэ къэс фыз кьишэрт. ПщэдджьжьыМ кьишэрт, пщыхьэщхьэ зэрыхъуу: «Мыбдежым си щхьэр щылъынущ, мыбдежым си лъакъуэр щылъынущ, мыбдежым си дамэр щылъынущ, уэ дэнэ деж уэдзэгъэгъуэлъынур?» - жиІэри, ирихужьрт. «Жьындум и фыз къэшэкІэщ» жьыхуаІэ псэльафэр абы кьытекІащ. Фыз къэзышэрэйм хужаІэ.

Къэзылъэфри зылъэфыжри пщІэнукъым

Хъуэжэ и выгъашхэр ядыгъуауэ нэху кьекІащ. И гъунэгъур дыгъуакІуэжьти, выгъашхэр абы зэрыфІэмыкІар Хъуэжэм кьишІащ.

Пщэдджьжьым и гъунэгъум деж екІуэкІри, пщІантІэм дэслаУэ щимыгъуэтым, и выгъашхэри щимыгъуэтыжьым, я адакъэжьыр кьихьри фызым и пащхьэ иридзащ.

- Мэ, ди выгъашхэр зыдыгъуам я адакъэжьыр къэздыгъужащ. Къэзылъэфри зылъэфыжри пщІэнукъым, - жиІэри.

А псэльафэр абы кьытекІащ.

Дамэкъуэр иплъхьэху сыгъэжей

Зыгуэрыр щымахуэ жэщым къэтэджурэ мэкъушэ кІуэрт, щалэщІэ и гъусэти, абы жеигъуэ иритыртэкъым. Жэщ гуэрым щалэр хэкІуэтауэ джэгум кьикІыжащ, бжьынэм вэнвей хуабэ ириупщІри, гъуэлъыжащ. Нэху щыщым, лІыр щалэм еджащ:

- Тэдж, дыгуащ! - жиІэри.

- КхъыІэ, дамэкъуэр иплъхьэху сыгъэжей, нэгъэущІ мыхъуми, - жиІащ щалэм.

ЛІыр щІэкІри, дамэкъуэр ирилъхьэну щыхуежьэм, бжьынэм вэнвейр ищтыхьат. ЛІым псы игъэхуабэу, абыкІэ вэнвейр кьригъэвыкІыжу, дамэкъуэр ирилъхьэу выр щІищІэху, щалэр жеящ, нэхуи щащ.

Къуэшрокъуэ пІащІэри, унакъым

Гъэмахуэр икІауэ Іэщыхъуэхэр Къущхьэхъум кьыдэкІыжьи щыхъум, щІыпІэм и пІалъэ зыщІэ Іэщыхъуэ нэхъыжьым дунейр кьызэрызэІыхьэнур жиІащ, уафэм и нэгу щІэльэр щІэкІыху, Іэщхэр кърамыгъэжьэжу заІэжьэну унафэ ящІащ. Къуэшрокъуэ мэлыхъуэ пщыІэ гуэрым и нэхъыжьт. Ар а унафэм емыдаІуэу пІащІэри, и мэлыхъуэ пщыІэр кьригъэжьэжащ. Гъуэгум борэн къыщытехъуэри, Къуэшрокъуэм и мэл хъушэр ядаем иукІащ.

«Къуэшрокъуэ пІащІэри, унакъым» жыхуаІэ псалъэжьыр абы кьытекІащ.

Мо нартыхур къызэрыфэ...

ЛІыжьыр щІалэхэм яхэсу бжьхь джабэм здыкІэрысым, пльэри зы шу кьакІуэу илъэгъуащ. ЛІыр зытес шыр лъэрытемыту кьафэрт. ЛІыжьым ар щилъагъум, жиІащ:

- Мо нартыхур къызэрыфэ...

ЩІалэхэр плъэри, нартыху ильэгъуакъым, а шы дэгъуэр къызэрыфэми гу лъатакъым.

- Дадэр хэпсэлъыхь хъуащ, тхьэмыщкІэ, - жиІэри зым адрейм жриІащ, и жагъуэ хьууэ.

ЛІыжьым ар зэхихри:

- Уэращ, хьэм хуэдэ, хэпсэлъыхьыр. Мо кьафу кьакІуэ шыр къэзыгъафэр нартыхущ, - жиІащ.

Ахъмэт и фо изщ

АхъмэтыбгкІэ еджэу бгы лъагэ, бгъуэнщІагъ зищІыжу, Къущхьэхъу адкІэжкІэ зы щІыпІэ щыІэщ. А бгышхуэм и джабэм апхуэдизкІэ куэду бжьэр изти, абы ящІ фор гъэм щІыми бгы гъуэнэхэм кьитІэтІырт. Ауэ, а бгыр апхуэдизкІэ лъагэщи, фор кьипхуну зы дуней Іэмал хуэбгъуэтыркъым; и лъабжьэмкІэ ущежьэу удэкІыфыркъым, и щхьэмкІэ укъыщежьэу кІапсэшхуэкІэ укъехьфыркъым, бгыр хуэбгъуэнщІагъыу щытщи. Ахъмэт и фо изщ, жаІэ, уплъэрэ пльагъуу, ауэ ульэмыІэсыфу щытмэ.

Уи ятп мывэ хъурей бгъажэмэ, ухуозэж

Зы фыз гуэрым зы къуэ иІэт. А къуэ закъуэм кьиша нысащІэр узижагъуэну бзаджэ Іейт. Дунейм трилъагъуэ хъуртэкъым и гуащэр. Фызыжьыр сымаджэ хъуауэ хэлъу и нысэм елъэІуащ:

- КхъыІэ, нысэ, зы джэд тхуэукІи дыгъэшх, - жиІэри.

ЦІыхубзым джэд фІимыгъэжу, джэду фІегъэжри фызыжьыр егъаІІэ.

Езы цІыхубзми зы къуэ закъуэ иІэт. Ауэ абы кьиша фызыр цІыхуфІт. Езыр сымаджэ хъуауэ хэлъу и нысэм йолъэІу зы джэд фІигъэжу унагъуэм яригъэшхыну.

ЦІыхубзыр джэдэщым щІыхьэу, лъэуейм тес джэдым зэреІусэу, джэду хъурт.

- Сыт, нысэ, щІытхуфІумыгъэжыр джэд? - жиІэу фызыжьыр щІэщІэупщІэм,

- Уащхъуэ мыващхъуэ кІанэ, сщІэнури зыхуэсхьынури сымыщІэ, джэдым сызэреІусэу джэду мэхъу, - жиІащ нысащІэм, гузавзу.

Фызыжьым къыгурыІуащ и дунейм и кІэр кьызэрысар, зэгуэр езыми ищІар къызэрыщІэзэрыхьыжьыр.

- АтІэ, сыт тщІэн, нысэ, фІэгъэжж джэдур, - жиІэри апхуэдэу фІригъэгъажащ. ИкІи куэд дэмыкІыуи дунейм ехьжащ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар **ТАБЫЩ Муратщ.**

Адыгэ пшынэр Белгород къалэм щагъэбзэрабзэ

Белгород къалэм дэт къэрал филармонием иджыблагъэ щекIуэкIащ лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэ оркестрхэм я зэгухьэныгъэм и жьауэм щIэту къызэрагъэпэща, урыс макъамэ Iэмэпсымэ оркестрхэм я V Дирижёр пэкIур.

● Гъуазджэ

АБЫ ЩЫЗЗХАША концертышхуэм хэтащ Кавказ Ищхьэрэм гъуазджэхэмкIэ и институтым и доцент, урыс макъамэ Iэмэпсымэхэм я оркестрым и дирижёр, дунейпсо макъамэ зэхьэзэхуэхэм я лауреат Лопатин Владимирэ доцент, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист, дунейпсо макъамэ зэхьэзэхуэхэм я лауреат Малкаров Муратрэ. Абыхэм ягъэзэщIащ пшынэр зыщIыгъу оркестрым щхьэкIэ Бекеров Рашид итха, «Кавказ гурыщIэхэр» зыфIищащ пьесэр.

Мыгъэрей «Дирижёр пэкIур» урыс оркестрым и кIыхьэгъэщакIуэу щыта Андреев Василий къызэрагъэпэжу илъэси 160-рэ щIрикъум траухуат. Абы кърихьэлIащ Урысеймрэ Белоруссиемрэ къикIа дирижёр щэщIым щIигъу, абы кIэщIынэмыщIауэ, концертым хэтащ макъамэ Iэмэпсымэ оркестрхэм я унафэщIхэри, макъамэгъэIуэхри, макъамэтхэхри.

«Дирижёр пэкIым» хэту «Лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэр: гъэзэщIакIуэхэр, гъэзэщIакIуэхэр, дирижёр унэтIыкIэхэр» зыфIаща щIэныгъэ зэхуэсри екIуэкIащ. Абы ипкъ иткIэ Iэнэ хъурейкэр зэхашащ, мастер-классхэр ирагъэкIуэкIащ, зэIущIэхэмрэ макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэ IэщагъэлIхэм я зэхуэсхэмрэ зэхэтащ. ЩIэнIуэтэм къыщаIэтащ Урысейм и щIыналъэхэм иц лъэпкъхэм я макъамэ Iэмэпсымэхэри утыкушхуэм ихьэн, абыхэм я зыужьыкIэ хъунум и щIэныгъэ-методикэ Iэмалхэр къэхутэн икIи гъащIэм хэпщэн зэрыхуейр.

Макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэ IэщагъэлIхэм я зэхуэсым зыщагъэлъэгъуащ ди щIыналъэм икIа, адыгэ пшынэр зыгъэбзэрабзэ Малкаров Муратрэ къалмыкъ тIомпIырэм еуэ Щауэгъур Арслъэнрэ. Лъэпкъ пшынальэхэм я щIэжьеиуэр макъамэгъэIуэхри, макъамэтхэхри.

ШУРДЫМ Динэ.

Ислъэмейдэсхэм бжьыпэр яубыдыпэ

● Футбол

Зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэм зэрыщыхабзэщи, гупхэм турнир таблицэм щаIыгъ увыпIэхэм щIэхщIэхыурэ захъуэж. Къапщтэмэ, тхьэмахуэ ипэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым командицым зэуэ бжьыпэр щыздаIыгъащ. Иджы япэ увыпIэм и закъуэу къыщынащ Бахъсэн щIыналъэм и «Ислъэмейр».

ИСЛЪЭМЕЙДЭСХЭМ ядэщIыгъуу пашэныгъэр зыуфыдахэм зэхьэзэхуэм и ещанэ джэгугъуэр яхуэфIакIым. Апхуэдэу Псынэдахэ и «Родник»-м и стадионым щыхуигъэкIуэтакъым Налшык и «Спартак-Д»-р. Хьэлэмэтращи, пэщIэдзэ джэгугъуитIым къриубыдэу я хьэрхуэрэгъуэхэм топ пщыкIуплI щахудзэжьагъэкIа хэгъэрейхэр иджы, зэ закъуэ нэхъ мыхъуми, кIыхьжанымкIыфакъым.

Прохладнэ и «Энергетик»-р Кэнжэ къыщыхагъэщIащ. Абы къегъэлъагъуэ республикэм и нэгъабэрей чемпионым а пщIэ лъагэр ихъумэжьын папщIэ хуабжьу гугъу зригъэхьын зэрыхуейр.

Иджыри кIэс зы очкои игъэкIуэдакъым «Тэрчым». Пэжщ, ар зэрыджэгуар адрейхэм нэхърэ нэхъ мащIэрэщ. Джылахъстэнейдэсхэм сыт щыгъуи гуп лъэщ зэрапIэр къэплъытэмэ, ахэр мы гъэми увыпIэ нэхъ лъагэ дыдэхэм зэрыщIэбэныным шэч хэлъкъым.

Я Iуэхуэр зэрымыщIагъуэщ иджыри къэс зы хэхъуи зимыIэ «Нартымрэ» «Шэрэджымрэ». Апхуэдэ дыдэущ зэрыщIидзар «Малка»-ми. Нарткъалэдэсхэр я хьэрхуэрэгъуэхэм аргуэру ерыщу япэщIэтащ икIи я гъуэм топиплI дагъэкIыфащ. АрщхьэкIэ нэхъыбэж ХьэтIохъуэщыкъуей къуажэм къыщыхудагъэкIыжри, ещанэу къыхагъэщIащ. «Малка»-ри Урыху къыкIахэм къапикIуэтащ.

Шэджэм щIыналъэм и командитIыр мамыру зэбгъэдэкIыжащ. Хэт нэхъ лъащми абыхэм зэкIэ яхуэзэхэгъэкIакъым.

Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм: **«ХьэтIохъуэщыкъуей»** (ХьэтIохъуэщыкъуей) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - **6:4**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **0:0**, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Энергетик**» (Прохладнэ) - **2:1**, «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - **2:2**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Урыху**» (Урыху) - **0:2**, «**Эльбрус**» (Тырныауз) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1:3**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **3:0**.

«ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Шэрэдж» (Старэ Шэрэдж) зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2021 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«**Ислъэмей**»	3	3	0	0	10-3	9
2.	«Родник»	3	2	1	0	14-2	7
3.	«Кэнжэ»	3	2	1	0	6-2	7
4.	«Энергетик»	3	2	0	1	6-3	6
5.	«Тэрч»	2	2	0	0	6-1	6
6.	«Урыху»	3	2	0	1	8-4	6
7.	«ХьэтIохъущыкъуей»	3	2	0	1	10-7	6
8.	«Шэрджэс»	3	1	1	1	6-8	4
9.	«Шэджэм-2»	3	1	1	1	5-7	4
10.	«Эльбрус»	3	1	0	2	4-8	3
11.	«Спартак-Д»	3	0	2	1	2-4	2
12.	«ЛогоВАЗ»	2	0	1	1	4-7	1
13.	«Псыгуэнсу»	3	0	1	2	2-10	1
14.	«Малка»	2	0	0	2	1-4	0
15.	**«Нарт»**	**3**	**0**	**0**	**3**	**8-12**	**0**
16.	**«Шэрэдж»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**2-12**	**0**

● КъБР-м щыIэ МВД-м

Гъэмахуэр щынагъуэншэу, нэгуэныжьу

Урысей МВД-м Налшык къалэм щIиэ Управленэм балигъ мыхъуахэм я IээхуэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэр яхуэзащ щыхьэрым и курыт еджапIэ №19-м и школакIуэхэм я адэ-анэхэм.

ПОЛИЦЕЙХЭМ ахэр къыхураджащ зыгъэпсэхугъуэ зэманым я сабийхэм я нэIэ трагъэтыну, я щIэблэр яущиину, цIыху зэхуэсыпIэхэм щымыззэраныну, щымыхьэлыншэну.

Адэ-анэхэм гурагъэIуащ балигъ мыхъуахэм я хуитыныгъэхэмрэ я кьалэнхэмрэ, жраIащ хабзэм ебакъуэу щIэпхъаджагъэ ялэжьмэ, административнэ, уголовнэ жэуап зэрахьыр. Трагъэчыныхьу елъэIуащ балигъ мыхъуахэр гъусэ ямыIэу пщыхьэщхьэм, жэщым уэрамхэм кIэрыуТIыпщу дамыгъэтыну.

Полицейхэм жаIащ школакIуэ ныбжьыщIэхэм гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм нэхъыбэу я зэманыр уэрамхэм зэрыщагъакIуэм къыхэкIыу, сакъын зэрыхуейр щIэхщIэхьурэ ягу къагъэкIыжыну. Инспекторхэм адэ-анэхэр къыхураджащ балигъыпIэм имыува я сабийхэм рулыр хуит уамыщIыну, социальнэ сетхэм къралъхьэн мурадкIэ, фэбжь зыхахынфэндырэ цIыкIу. **30**. Уэд, лы куэд зыкIэрымылъ. **31**. Бейм и унэм щыхуэлажьэ цIыху. **33**. Нарт лIыхъужь. **36**. Набгъэм кIигъэсэбэп Iэмэпсымэ. **38**. ХьэцэпэцэхэкI пхыр. **39**. ЦIыху хьалэ. **42**. Дыжьыныр зэрыхалыкI. **44**. Дунейм ехьжьакъэм кьеупщIу жыхуаIэ. **47**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **48**. Георгинэ жыхуаIэ удзым адыгэбзэкIэ зэрыджэр. **49**. Сирень жыгым адыгэбзэкIэ зэрыджэр. **50**. Пшахъуэ лIэужьыгъуэ. **52**. КъэкIыгъэм трищIэ псынIэгъэ. **54**. ЦIыхубз Iэмэпсымэ цIыкIу. **57**. Сату щащIкIэ къагъэсэбэп. **58**. Бгым и лъагапIэ дыдэ. **60**. Зебрэм адыгэбзэкIэ зэреджэр. **62**. Шым и теплъэ. **63**. Джанэм щыщ Iыхьэ. **67**. Хьэцэпэцэ хьэдэгэр зрищIэ. **70**. Щтагъуэ мывэм щахъуэ Iэмэпсымэ. **71**. Хомутым щыгукъуэр зэрырапх фэ кIапсэ. **74**. ХьэпщыпI, щыгъын щахъумэ унэльащIэ. **75**. Псы къэзэрахь Iэмэпсымэ. **77**. Лым хищIэ хьэпIащIэ жыпIэ. **79**. Жащу вэм щхьэкIэ жаIэ. **80**. Гладиолус жыхуаIэ удзым адыгэбзэкIэ зэреджэр. **81**. Сабийхэр зэрыджэгуу щыта къупщхьэ. **83**. ЦIыхум ипшынын хуейуэ тралъхэ. **85**. Бжэным фIыуэ ильагъу удз. **86**. Вакъэ. **87**. Сосрыкъуэ и шым зэреджэр. **89**. Унагъуэр зей цIыхубз. **90**. ПщIантIэм щыхатIэу щыта фIэдзапIэ. **91**. ЦIыхубзыщI.

Къехыу: 1. Уэхрэ лъагаIэу зэхэт щIыпIэ. **2**. КIыхьу зэтелъхьа мэкъумылъ. **4**. Литературэм и жанр. **5**. Фэ зэрагъэщабэ Iэмэпсымэ. **7**. Гъавэ хъуманIэ. **8**. Сабыныпсыр зэрыхьу. **9**. Псым зэрыщызекIуэ. **10**. ХадэжкI. **12**. Хьэкъущкъу зыхахтхьэщIэ псы. **15**. ГъукIэр зэлэжь. **17**. Ахъшэ жыгъей. **18**. Ущышхэ зэман. **19**. Пхъэ быдзм къыхащIыкIыу шырыкъу зэрызэщIаукIэ. **20**. Псы къэукъуфея. **22**. ПсыпцIэ Iуфэм къыщыкI удз щабэ, шабий ящIу, уэншэкум иралъхьэу щытауэ. **23**. Хуэрэджэм нэгъуэщIу зэреджэр. **25**. КъекIуу дунейм тет адыгэм хэлъу жыхуаIэ. **28**. Лышхуэ зыкIэрымылъ цIыху. **31**. ХьэгъуэлIыгъуэм щыщ Iыхьэ. **32**. Унагъуэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпI. **34**. США-м и ипщэрабгъум щежэх псы. **35**. Фоч лIэужьыгъуэ. **37**. Шэ, гын щащIкIэ къагъэсэбэп удз. **40**. ЩIэныгъэм и лэжьакIуэ. **41**. ЩхьэхунэмI Iуэху ищIэмэ, ипкIыну къыфIащI Iэпкълъэпкъ. **43**. Пасэрей бгъэныщхьэ унэ. **45**. Аравием щыIэ къэрал цIыкI - султанат. **46**. ЦIыхубз пыIэ. **47**. ЦIыхухъуцIэ. **50**. ТхьэмыщкIэм удэIэпыкъумэ, кIыпIэкIуэ. **51**. Iэтауэ блыным кIэращIыхьу щыта телъхьэпIэ. **52**. ЩIэп пхыр зэупсея. **53**. Ахъшэ. **55**. ЗауэлI куэдым я унафэщI. **56**. ЩIыIэми псыIэгъэми ущызыхъумэ щыгъын. **59**. Iэпкълъэпкъым щыщ Iыхьэ. **61**. ЗэкIэрызышхэ. **64**. Зыдэплъеин, зэрыгъуэзэн зимыIэ. **65**. Къэнжалым елэжь. **66**. ЦIыхухъуми цIыхубзми къагъэсэбэп щыгъыныгъуэ. **68**. Iэщым зэрызыщахъумэ Iэмэпсымэ. **69**. ЦIыкIу Iэфlейлъэфlейр зрагъэщхь псэущхьэ. **70**. Мазэцlэ. **71**. Бзу лъапкъ, щхьэ папцIэу. **72**. Дызэрыт пщыхьэщхьэ. **73**. Венесуэлэм щыIэ къалэ. **76**. ПIастэ ныкъуэщIым къыхах шхыныгъуэ. **78**. Пасэрей лъэпкъыжь. **82**. Хым хэс псэущхьэ абрагъуэ. **84**. Африкэм щыIэ къэрал. **88**. Адыгэ унэцIэ.

● Гъэтэгъуэныгъэхэр

Хъалил Миланэ и «Гущэкъу уэрэдхэр»

Налшык дэт Лъэпкъ музейм иджыблагъэ къыщызэIуахащ сурэтыщI Хъалил Миланэ «Гущэкъу уэрэдхэр» зыфIища и Iэдакъэщ Iэкlхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

ПАСЭРЕЙ IэщIагъэр иджырей зэманым зэрекIуфынур, абы и увыпIэ гъащIэщIэм зэрыщIэжыр Миланэ и лэжьыгъэ, гъэлъэгъуэныгъэ къэс хьэжъ тщещI. Цым, упщIэм къыхэщIыкIауэ ищI алэрыбгъуэхэр блынгъэдахэ къудейкъым, атIэ гупсысэ куу зыщIэпъ пасэрей Iэужьым и нобэрей ежьущ.

Иджы Миланэ ди пащхьэ кърилъхьар анагъэм, бын пIыным хуэгъэпсащ. Тельыджэщ абы Хъалилым щIилъхьэ гупсысэмрэ а къалэн мытынышм хилъафгъуэ дахагъэмрэ я инагъыр. Псом хуэмыдэу сигу къинэжащ «Гущэ», «МафIэ», «Щэху», «КIэуэлнш», «Гущэкъу уэрэд», «ЦIыхубз» зыфIища лэжьыгъэхэр. Сурэт къэс гупсысэ куэд къыпкърокI. Псом хуэмыдэу дызэмысащ, ауэ щыгъукIи гупсысэхуеджэщ, пэшыр зэрагъэнэхуа щыкIэр, ныбжьхэм я «джагукIэр». Абыхэми я мыхьэнэ яIэжщ. УпщIэм къыхэщIыкIа сурэтхэм иджыри зы фIагъ яхэлъщ - икъукIэ хуабагъэшхуэ къапкърокI, псэ яхэлъым ярейуэ зэуIэпашэу.

Миланэ IэщIагъэ куэдым хуэIэижьщ. Апхуэдэхэщ сурэт щыныр, графикэр, анимацэр, дизайнымрэ полиграфиемрэ.

Нэхъ ипэкIэ абы и и цIэр фIыкIэ щигъэIуат Кавказ Ищхьэрэм. ИльэсиплI ипэкIэ ар яхэтащ Шемякин Михаил деж (Франджым) зыщызыгъэсахэм. «Жыг гуащэ» фIэщыгъэм щIэту Хъалилым утыку кърихьауэ щыта лэжьыгъэхэр цIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэн дыдэ хъуат.

Анагъэм теухуа сурэтхэм Миланэ 2018 гъэ лъандэрэ иолэжь. Пэшым фIэлъ сурэтхэм плъыфэ пэрои щызэхэпщащ, гъэщIэм хуэдэу ахэри щхъуэкIэппыкIащ. КъызэрымыкIуэу мыхьэнэ ин зиIэ, анэмрэ бынымрэ зэкIэрызышхэхэм ящыщ гущэкъу уэрэдхэм хуэдэу, мы сурэтхэми къалэн ин ягъэзащIэ. Абы бзыпхъэм щыхатIэу щыта фIэдзапIэ. **91**. ЦIыхубзыщI.

Къехыу: 1. Уэхрэ лъагаIэу зэхэт щIыпIэ. **2**. КIыхьу зэтелъхьа мэкъумылъ. **4**. Литературэм и жанр. **5**. Фэ зэрагъэщабэ Iэмэпсымэ. **7**. Гъавэ хъуманIэ. **8**. Сабыныпсыр зэрыхьу. **9**. Псым зэрыщызекIуэ. **10**. Хадэжкl. **12**. Хьэкъущкъу зыхахтхьэщIэ псы. **15**. ГъукIэр зэлэжь. **17**. Ахъшэ жыгъей. **18**. Ущышхэ зэман. **19**. Пхъэ быдзм къыхащIыкIыу шырыкъу зэрызэщIаукIэ. **20**. Псы къэукъуфея. **22**. Псыпцlэ Iуфэм къыщыкI удз щабэ, шабий ящIу, уэншэкум иралъхьэу щытауэ. **23**. Хуэрэджэм нэгъуэщIу зэреджэр. **25**. КъекIуу дунейм тет адыгэм хэлъу жыхуаIэ. **28**. Лышхуэ зыкIэрымылъ цIыху. **31**. ХьэгъуэлIыгъуэм щыщ Iыхьэ. **32**. Унагъуэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпI. **34**. США-м и ипщэрабгъум щежэх псы. **35**. Фоч лIэужьыгъуэ. **37**. Шэ, гын щащIкIэ къагъэсэбэп удз. **40**. ЩIэныгъэм и лэжьакIуэ. **41**. ЩхьэхунэмI Iуэху ищIэмэ, ипкIыну къыфIащI Iэпкълъэпкъ. **43**. Пасэрей бгъэныщхьэ унэ. **45**. Аравием щыIэ къэрал цIыкI - султанат. **46**. ЦIыхубз пыIэ. **47**. ЦIыхухъуцIэ. **50**. ТхьэмыщкIэм удэIэпыкъумэ, кIыпIэкIуэ. **51**. Iэтауэ блыным кIэращIыхьу щыта телъхьэпIэ. **52**. ЩIэп пхыр зэупсея. **53**. Ахъшэ. **55**. ЗауэлI куэдым я унафэщI. **56**. ЩIыIэми псыIэгъэми ущызыхъумэ щыгъын. **59**. Iэпкълъэпкъым щыщ Iыхьэ. **61**. ЗэкIэрызышхэ. **64**. Зыдэплъеин, зэрыгъуэзэн зимыIэ. **65**. Къэнжалым елэжь. **66**. ЦIыхухъуми цIыхубзми къагъэсэбэп щыгъыныгъуэ. **68**. Iэщым зэрызыщахъумэ Iэмэпсымэ. **69**. ЦIыкIу Iэфlейлъэфlейр зрагъэщхь псэущхьэ. **70**. Мазэцlэ. **71**. Бзу лъапкъ, щхьэ папцIэу. **72**. Дызэрыт пщыхьэщхьэ. **73**. Венесуэлэм щыIэ къалэ. **76**. ПIастэ ныкъуэщIым къыхах шхыныгъуэ. **78**. Пасэрей лъэпкъыжь. **82**. Хым хэс псэущхьэ абрагъуэ. **84**. Африкэм щыIэ къэрал. **88**. Адыгэ унэцIэ.

Ислъэмейдэсхэм бжьыпэр яубыдыпэ

● Футбол

Зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэм зэрыщыхабзэщи, гупхэм турнир таблицэм щаIыгъ увыпIэхэм щIэхщIэхыурэ захъуэж. Къапщтэмэ, тхьэмахуэ ипэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым командицым зэуэ бжьыпэр щыздаIыгъащ. Иджы япэ увыпIэм и закъуэу къыщынащ Бахъсэн щIыналъэм и «Ислъэмейр».

ИСЛЪЭМЕЙДЭСХЭМ ядэщIыгъуу пашэныгъэр зыуфыдахэм зэхьэзэхуэм и ещанэ джэгугъуэр яхуэфIакIым. Апхуэдэу Псынэдахэ и «Родник»-м и стадионым щыхуигъэкIуэтакъым Налшык и «Спартак-Д»-р. Хьэлэмэтращи, пэщIэдзэ джэгугъуитIым къриубыдэу я хьэрхуэрэгъуэхэм топ пщыкIуплI щахудзэжьагъэкIа хэгъэрейхэр иджы, зэ закъуэ нэхъ мыхъуми, кIыхьжанымкIыфакъым.

Прохладнэ и «Энергетик»-р Кэнжэ къыщыхагъэщIащ. Абы къегъэлъагъуэ республикэм и нэгъабэрей чемпионым а пщIэ лъагэр ихъумэжьын папщIэ хуабжьу гугъу зригъэхьын зэрыхуейр.

Иджыри кIэс зы очкои игъэкIуэдакъым «Тэрчым». Пэжщ, ар зэрыджэгуар адрейхэм нэхърэ нэхъ мащIэрэщ. Джылахъстэнейдэсхэм сыт щыгъуи гуп лъэщ зэрапIэр къэплъытэмэ, ахэр мы гъэми увыпIэ нэхъ лъагэ дыдэхэм зэрыщIэбэныным шэч хэлъкъым.

Я Iуэхуэр зэрымыщIагъуэщ иджыри къэс зы хэхъуи зимыIэ «Нартымрэ» «Шэрэджымрэ». Апхуэдэ дыдэущ зэрыщIидзар «Малка»-ми. Нарткъалэдэсхэр я хьэрхуэрэгъуэхэм аргуэру ерыщу япэщIэтащ икIи я гъуэм топиплI дагъэкIыфащ. АрщхьэкIэ нэхъыбэж ХьэтIохъуэщыкъуей къуажэм къыщыхудагъэкIыжри, ещанэу къыхагъэщIащ. «Малка»-ри Урыху къыкIахэм къапикIуэтащ.

Шэджэм щIыналъэм и командитIыр мамыру зэбгъэдэкIыжащ. Хэт нэхъ лъащми абыхэм зэкIэ яхуэзэхэгъэкIакъым.

Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм: **«ХьэтIохъуэщыкъуей»** (ХьэтIохъуэщыкъуей) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - **6:4**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **0:0**, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Энергетик**» (Прохладнэ) - **2:1**, «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - **2:2**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Урыху**» (Урыху) - **0:2**, «**Эльбрус**» (Тырныауз) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1:3**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **3:0**.

«ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Шэрэдж» (Старэ Шэрэдж) зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2021 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«**Ислъэмей**»	3	3	0	0	10-3	9
2.	«Родник»	3	2	1	0	14-2	7
3.	«Кэнжэ»	3	2	1	0	6-2	7
4.	«Энергетик»	3	2	0	1	6-3	6
5.	«Тэрч»	2	2	0	0	6-1	6
6.	«Урыху»	3	2	0	1	8-4	6
7.	«ХьэтIохъущыкъуей»	3	2	0	1	10-7	6
8.	«Шэрджэс»	3	1	1	1	6-8	4
9.	«Шэджэм-2»	3	1	1	1	5-7	4
10.	«Эльбрус»	3	1	0	2	4-8	3
11.	«Спартак-Д»	3	0	2	1	2-4	2
12.	«ЛогоВАЗ»	2	0	1	1	4-7	1
13.	«Псыгуэнсу»	3	0	1	2	2-10	1
14.	«Малка»	2	0	0	2	1-4	0
15.	**«Нарт»**	**3**	**0**	**0**	**3**	**8-12**	**0**
16.	**«Шэрэдж»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**2-12**	**0**

Накъыгъэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

Урысей Федерацэм и етIуанэ дивизионым и Ялэ гуп

Щэщlрэ ещанэ джэгугъуэ
Мэкъуауэгъуэм и 2
(бзэрэжьей)
«**Спартак-Налшык**» **(Налшык) - «Форте» (Таганрог)**
«Анжи» (Мэхъэчкъалэ) - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ)
«Черноморец» (Новороссийск) - «Дружба» (Мейкъуапэ)
СКА (Дон Iус Ростов) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)
«Кубань-Холдинг» (Павловскэ) - «Краснодар-3» (Краснодар)
«ЕсэнтIыгу» (Есэнтlыгу) - «Легион Динамо» (Мэхъэчкъалэ)
«Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - «TIуапсы» (TIуапсы)
«Мэхъэчкъалэ» (Мэхъэчкъалэ) - «Интер» (Черкесск)

Щэщlрэ ещанэ джэгугъуэ
Мэкъуауэгъуэм и 9
(бзэрэжьей)
«Форте» - «Анжи»
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Динамо-Ставрополь»
«**Дружба**» - «**Спартак-Налшык**»
«TIуапсы» - «Мэхъэчкъалэ»
«Краснодар-3» - «ЕсэнтIыгу»
«Интер» - «Кубань» (Краснодар)
«Легион Динамо» - «Биолог-Новокубанск»
СКА - «Черноморец»

Щэщlрэ еплIанэ джэгугъуэ
Мэкъуауэгъуэм и 15
(гъубж)
«Анжи» - «Дружба»
«Динамо-Ставрополь» - «Форте»
«**Спартак-Налшык**» **- СКА**
«Мэхъэчкъалэ» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«ЕсэнтIыгу» - «Кубань-Холдинг»
«Кубань» - «TIуапсы»
«Биолог-Новокубанск» - «Краснодар-3»
«Черноморец» - «Легион Динамо»

Къэбзэрдей-Балъкъэрым и чемпионат ЕплIанэ джэгугъуэ

Мэкъуауэгъуэм и 5
(щэбэт)
«Шэрджэс» (Шэджэм) - «Эльбрус» (Тырныауз)
«Шэрэдж» (Старэ Шэрэдж) - «Ислъэмей» (Ислъэмей)
«Спартак-Д» (Налшык) - «ЛогоВАЗ» (Бабугент)
«Малка» (Малкэ) - «Шэджэм-2» (Шэджэм ЕтIуанэ)

Мэкъуауэгъуэм и 6
(тхьэмахуэ)
Урыху» (Урыху) - «Псыгуэнсу» (Псыгуэнсу)
«Нарт» (Нарткъалэ) - «Кэнжэ» (Кэнжэ)
«Тэрч» (Тэрч) - «ХьэтIохъуэщыкъуей» (ХьэтIохъуэщыкъуей)
«Энергетик» (Прохладнэ) - «Родник» (Псынэдахэ)

IутIанэ

● Адыгэ псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: 1. КъэкIыгъэм щыщ Iыхьэ. **3**. Бдзэжьей ин лъэпкъ. **6**. Шы Iэпслъэпс. **11**. Мэз псэущхьэ цIыкIу. **12**. Жыгым къыпыкIэ. **13**. КъэхуэкъащIэм щыгъуазэ узыщI. **14**. Нышым щыщ нэхъыжь Iыхьэ. **16**. Щоджэнцlыкlу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» поэмэм хэт лIыхъужь. **20**. Шы лъэпкъ. **21**. Щыгъыным ирадэ. **24**. Финляндием щыIэ къхъух тедзапIэ. **26**. Орхидея жыхуаIэ удз гъэгъам адыгэбзэкIэ зэреджэр. **27**. Зи лъэдийр хужь шы. **29**. Махъсымэ, санэху хуэдэхэр щахъумэу щыта

30. Уэд, лы куэд зыкIэрымылъ. **31**. Бейм и унэм щыхуэлажьэ цIыху. **33**. Нарт лIыхъужь. **36**. Набгъэм кIигъэсэбэп Iэмэпсымэ. **38**. ХьэцэпэцэхэкI пхыр. **39**. ЦIыху хьалэ. **42**. Дыжьыныр зэрыхалыкI. **44**. Дунейм ехьжьакъэм кьеупщIу жыхуаIэ. **47**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **48**. Георгинэ жыхуаIэ удзым адыгэбзэкIэ зэреджэр. **49**. Сирень жыгым адыгэбзэкIэ зэреджэр. **50**. Пшахъуэ лIэужьыгъуэ. **52**. КъэкIыгъэм трищIэ псынIэгъэ. **54**. ЦIыхубз Iэмэпсымэ цIыкIу. **57**. Сату щащIкIэ къагъэсэбэп. **58**. Бгым и лъагапIэ дыдэ. **60**. Зебрэм адыгэбзэкIэ зэреджэр. **62**. Шым и теплъэ. **63**. Джанэм щыщ Iыхьэ. **67**. Хьэцэпэцэ хьэдэгэр зрищIэ. **70**. Щтагъуэ мывэм щахъуэ Iэмэпсымэ. **71**. Хомутым щыгукъуэр зэрырапх фэ кIапсэ. **74**. Хьэпщыпl, щыгъын щахъумэ унэльащIэ. **75**. Псы къэзэрахь Iэмэпсымэ. **77**. Лым хищIэ хьэпIащIэ жыпIэ. **79**. Жащу вэм щхьэкIэ жаIэ. **80**. Гладиолус жыхуаIэ удзым адыгэбзэкIэ зэреджэр. **81**. Сабийхэр зэрыджэгуу щыта къупщхьэ. **83**. ЦIыхум ипшынын хуейуэ тралъхэ. **85**. Бжэным фIыуэ ильагъу удз. **86**. Вакъэ. **87**. Сосрыкъуэ и шым зэреджэр. **89**. Унагъуэр зей цIыхубз. **90**. ПщIантIэм щыхатIэу щыта фIэдзапIэ. **91**. ЦIыхубзыщI.

Къехыу: 1. Уэхрэ лъагаIэу зэхэт щIыпIэ. **2**. КIыхьу зэтелъхьа мэкъумылъ. **4**. Литературэм и жанр. **5**. Фэ зэрагъэщабэ Iэмэпсымэ. **7**. Гъавэ хъуманIэ. **8**. Сабыныпсыр зэрыхьу. **9**. Псым зэрыщызекIуэ. **10**. Хадэжкl. **12**. Хьэкъущкъу зыхахтхьэщIэ псы. **15**. ГъукIэр зэлэжь. **17**. Ахъшэ жыгъей. **18**. Ущышхэ зэман. **19**. Пхъэ быдзм къыхащIыкIыу шырыкъу зэрызэщIаукIэ. **20**. Псы къэукъуфея. **22**. Псыпцlэ Iуфэм къыщыкI удз щабэ, шабий ящIу, уэншэкум иралъхьэу щытауэ. **23**. Хуэрэджэм нэгъуэщIу зэреджэр. **25**. КъекIуу дунейм тет адыгэм хэлъу жыхуаIэ. **28**. Лышхуэ зыкIэрымылъ цIыху. **31**. ХьэгъуэлIыгъуэм щыщ Iыхьэ. **32**. Унагъуэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпI. **34**. США-м и ипщэрабгъум щежэх псы. **35**. Фоч лIэужьыгъуэ. **37**. Шэ, гын щащIкIэ къагъэсэбэп удз. **40**. ЩIэныгъэм и лэжьакIуэ. **41**. ЩхьэхунэмI Iуэху ищIэмэ, ипкIыну къыфIащI Iэпкълъэпкъ. **43**. Пасэрей бгъэныщхьэ унэ. **45**. Аравием щыIэ къэрал цIыкI - султанат. **46**. ЦIыхубз пыIэ. **47**. ЦIыхухъуцIэ. **50**. ТхьэмыщкIэм удэIэпыкъумэ, кIыпIэкIуэ. **51**. Iэтауэ блыным кIэращIыхьу щыта телъхьэпIэ. **52**. ЩIэп пхыр зэупсея. **53**. Ахъшэ. **55**. ЗауэлI куэдым я унафэщI. **56**. ЩIыIэми псыIэгъэми ущызыхъумэ щыгъын. **59**. Iэпкълъэпкъым щыщ Iыхьэ. **61**. ЗэкIэрызышхэ. **64**. Зыдэплъеин, зэрыгъуэзэн зимыIэ. **65**. Къэнжалым елэжь. **66**. ЦIыхухъуми цIыхубзми къагъэсэбэп щыгъыныгъуэ. **68**. Iэщым зэрызыщахъумэ Iэмэпсымэ. **69**. ЦIык